Sasakala Kotok Emas jeung Carita Lianna

Produk Penerjemahan Cerita Anak tahun 2021



Bahasa Sunda Banten

Penulis:
Pamilon Sayémbara
Nulis Carita Rayat taun 2016
Penerjemah:
Iwan Ridwan Malik

SASAKALA KOTOK EMAS JEUNG CARITA LIANNA

Produk Penerjemahan Cerita Anak tahun 2021

Penulis:

Pamilon Sayémbara Nulis Carita Rayat taun 2016

Penerjemah:

Iwan Ridwan Malik

Terjemahan ini diterbitkan pada tahun 2021 sebagai produk kegiatan Penerjemahan yang diselenggarakan oleh Kantor Bahasa Provinsi Banten Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset dan Teknologi

SASAKALA KOTOK EMAS JEUNG CARITA LIANNA
Produk Penerjemahan Cerita Anak tahun 2021

Diterjemahkan dari buku Antologi Cerita Rakyat berbahasa Indonesia yang berjudul ***Legenda Ayam Emas dan Kisah Lainnya*** karya Peserta Sayembara Penulisan Cerita Rakyat terbitan Kantor Bahasa Provinsi Banten tahun 2016.

Penulis : Pamilon Sayémbara Nulis Carita Rayat taun 2016
Penerjemah : Iwan Ridwan Malik
Penata Letak : Déni Aswandana
Penelaah : 1) Halimi Hadibrata
2) Anitawati Bachtiar

ISBN: 978-623-98658-4-9
Cetakan pertama, November 2021

Penanggung Jawab: Halimi Hadibrata
Ketua Pelaksana : Anitawati Bachtiar
Tim Editorial : 1. Flora Sinamo
2. Nanda Ghaida
3. Adek Dwi Oktaviantina

Hak Cipta Dilindungi Undang-undang
Isi buku ini, baik sebagian maupun seluruhnya, dilarang diperbanyak dalam bentuk apa pun tanpa izin tertulis dari penerbit, kecuali dalam hal pengutipan untuk keperluan penulisan artikel atau karangan ilmiah.

Prakata

Cerita Anak merupakan salah satu media yang paling efektif untuk mendidik anak. Bahkan sejak zaman nenek moyang kita, cerita anak telah dijadikan media untuk menyampaikan pesan moral atau pesan kebajikan. Terjemahan cerita anak dari bahasa Indonesia ke bahasa daerah akan membantu anak-anak mengenal kebudayaan dan kearifan lokal daerahnya.

Tim Panitia Seleksi Penerjemah Cerita Anak Kantor Bahasa Provinsi Banten bersyukur dapat menerbitkan *Sasakala Kotok Emas Jeung Carita Lianna*. Kehadiran terjemahan buku cerita anak ini diharapkan bisa menjadi bahan bacaan yang bermanfaat bagi anak usia sekolah dan memberikan pemahaman yang lebih dalam tentang bahasa daerah dan budaya Banten karena sebuah karya sastra secara tidak langsung banyak memberikan pengetahuan dan informasi yang berharga tentang lingkungan, kehidupan, dan budaya masyarakat lokal.

Tujuan penerbitan terjemahan cerita anak ini diharapkan dapat meningkatkan minat baca anak terhadap karya sastra dan pemahaman kita bersama tentang lingkungan dan budaya masyarakat di Banten. Penerbitan terjemahan cerita anak ini pula merupakan salah satu upaya penguatan budaya literasi dengan menyediakan bahan-bahan bacaan yang dapat dimanfaatkan baik di sekolah-sekolah maupun di komunitas pegiat literasi dan pemerhati bahasa daerah.

Akhir kata, Kantor Bahasa Provinsi Banten mengucapkan terima kasih kepada para penerjemah dan tak lupa kepada tim seleksi penerjemahan cerita anak yang telah terlibat pada kegiatan produk penerjemahan cerita anak tahun 2021 ini. Harapan kami, semoga buku ini bermanfaat untuk membentuk karakter anak Indonesia yang unggul, berdaya saing, dan bermartabat.

Kepala Kantor Bahasa Provinsi Banten
Halimi Hadibrata, M.Pd.

DAFTAR ISI

Prakata i
Daftar Isi ii

CIKOTOK: SASAKALA KOTOK EMAS 1
Ismawanto

SASAKALA SUMUR TUK 11
Khaerohyaroh

NYI BUYUT 16
Dinda Éka Savitri

ASAL MUASAL KAMPUNG DANGDEUR 21
Firda Rastia

RADÉN BEDOG JEUNG TANJUNG LESUNG 29
Zafrans Gumanti

EMBÉ RAUN 36
Enok Badrulaéla

KÉJO KETAN JEUNG KAMPUNG NU DIKURILING BATU 42
Ida Rahayu

BATU QURAN DINA GENGGEMAN SULTAN HAJI 54
Adé Ubaidil

SOLÉNDANG KAÉN BI SARIFAH 62
Irma Qoymah

LALAMPAHAN SÉH MANSYUR DI BANTEN KIDUL 68
Risa Wulandari

CIKOTOK: SASAKALA KOTOK EMAS

ISMAWANTO

Baheula, dina mangsa Karajaan Padjadjaran, aya salaki-pamajikan nu aran Ki Sangkala jeung Nyai Kérok. Maranéhna geus kebel ngarumah tangga, tapi can boga baé anak. Jang ngabangbrangkeun kakeselna, Nyai Kérok sok hahaleuangan sabari maraban satoa inguanana. Mungguhna mah sawara manéhna halimpu béh.

Hiji peuting, Ki Sangkala jeung Nyai Kérok dituduh maling kotok. Loba jalma ngadeugdeug ka imahna bari jeung némbongkeun kakeuheulna. Atuh Nyai Kérok pohara kagéteun jeung sawan. Peuting éta kénéh, maranéhna dibawa ku warga sina nyanghareup ka Raja Padjadjaran. Di hareupeun raja, Nyai Kérok ngomong, “Henteu, Gusti. Lain kami nu maling éta kotok, ngeun kotokna baé nu aya di kandang.”

“Goak! Manéhna nu geus maling kotok kula,” ceuk hiji warga.

“Henteu, kami mah teu maling kotok,” témbal Nyai Kérok bari ceurik.

“Nya enggeus, mun manéh teu nyieun kasalahan mah. Pacuan, hiji waktu bakal kanyahoan. Ngeun wayahna, maranéh

kuari kudu indit ninggalkeun ieu Tanah Priangan," teges Raja Padjadjaran.

Ti dinya Ki Sangkala jeung Nyai Kérok ngumbara ka luar wilayah Karajaan Padjadjaran. Ti poé ka poé maranéhna terus leumpang, ngaliwatan leuweung, ngurilingan pasir, angin jeung hujan mah teu dirasa, nepi ka meutingna deui di leuweung. Nu kadéngé ngeun sawara satoa nu patémbalan. Sakebel leuleumpangan can nyorang panggih jeung hiji jalma géh.

Hiji poé, Nyai Kérok pohara ngarasa capéeun nepi ka teu bisa neruskeun deui leumpang.

"Abah, Nyai geus capé yeuh, ieu suku teu kuat ngaléngkah deui."

"Enya, Nyai, tanah nu kuari ditincak ku urang meureun geus lain Tanah Priangan, urang bisa ngareureuh heulan di dieu," témbal Ki Sangkala. Maranéhna eureun di hiji puncak pasir nu pinuh ku tatangkalan nu garedé.

Nyai Kérok ngareureuh bari nyéndérkeun awakna kana jangkar. Dina katunggaraanana, Nyai Kérok nyusutan cimata bari ngahaleuangkeun Pupuh Maskumambang karesepna.

"Aduh ibu ieu kuring keur prihatin,
taya pakumaha,
kuring nandangan kapeurih,
sangsara taya bandingna."

Ki Sangkala nengetan sakuriling pasir, neuleukeun kaéndahan pasir-pasir lianna nu sarwa ngampar. Pohara kagétna Ki Sangkala basa neuleu ka béh kidul.

“Nyai, deuleu géh, bagus amat itu laut!”

“Enya, bagus amat nyah. Pasti ieu geus lain Tanah Priangan deui, ja itu la kadeuleu laut ti dieu.” Nyai Kérok kelareun neuleu éta kaéndahan.

“Mun kitu mah, urang bisa cicing heulanan di dieu,” ceuk Ki Sangkala.

Maranéhna cicing saheulaanan di éta tempat. Laju nyieun hiji saung di puncak pasir nu suhunanana dijieun tina tepus. Sanggeus jadi saungna, horéng di dinya teu nyampak sumber cai jang kabutuh maranéhna.

“Abah, kami deuk nyiar tempat caina heulan, doangna mah rada jauh ti dieu,” omong Nyai Kérok.

“Enya, Nyai bisa nyiar ka elor, doangna aya walungan leutik,” Ki Sangkala ngomongna bari nuduhkeun.

Kira sapanyeupahan, Nyai Kérok datang deui ka saung bari ambekanana ngahégak. “Beuh Abah, jauh héh leumpangna géh. Kami teu sanggup mun kudu unggal poé mah. Hadé mun Abah nyieun sumur deukeut saung.”

Ki Sangkala ngarandeg sakeudeung laju ngomong, “Enya géh! Abah deuk nyiar tempat nu pihadéeun jang sumur.”

Laju Ki Sangkala nyiar hiji tempat rada béh landeuh. Manéhna leumpang ka elor kira 500 méter jauhna ti saung. Di dinya karak nyieun sumur. Manéhna mimiti ngagali sumur maké alat saayana, dijieun tina kayu jeung awi kadoang tumbak. Gecruk! Gecruk! Ki Sangkala terus baé ngagali, kacapéna teu dirasa. Pasosoré karak balik ka saung laju ngomong ka Nyai Kérok.

“Abah geus manggih tempat nu cocog jang nyieun sumur.”

“Di mana?" Nyai Kérok nanya.

“Teu jauh ti dieu, ngeun can anggeus,” témbal Ki Sangkala.

“Nya burung ari kitu mah, teruskeun deui jagisuk,” ceuk Nyai Kérok.

Peutingna, Ki Sangkala ngimpi. Manéhna aya di sisi laut, neuleu laut nu ngampar satungtung deuleu. Jegur! Lambak gedé narajang manéhna. Ujug-ujug ngalangkang rupa aki-aki laju nyarita, sawarana handaruan. “Tempat nu kuari keur dicicingan bakal ngageunjleungkeun dunya.” Éta aki-aki ngiles saharita. Koréjat, Ki Sangkala hudang.

Isukna, Ki Sangkala leumpang ka landeuh, ka tempat galian sumur téa. Manéhna teu ngabéjakeun impianana tadi peuting ka Nyai Kérok. Sadatangna di galian sumur, Ki Sangkala pohara kagétna neuleu kotok dua mata nu buluna emas. Saking

bungahna, teu antaparah deui ku manéhna laju diudag. Tapi nu katéwak ngeun kotok bikangna doang, sedengkeun kotok jago mah hiber, trep eunteup kana dahan babatangan. Ki Sangkala balik bari kebek ku kabungah. “Héh Nyai, deuleu ieu Abah meunang naon!” ceuk Ki Sangkala.

“Ti mana Abah meunang kotok emas étah?” Nyai Kérok nanya.

“Abah manggihan di galian sumur,” témbalna.

“Geus kebel urang teu dahar nu ngeunah. Jadi urang peuncit baé kotokna,” ceuk Nyai Kérok.

Ki Sangkala saharita langsung nyaraman. “Ulah! Aya kéněh kotok jago nu can katéwak. Urang kepung baé éta kotok jago, laju urang ingu nepi ka jadi loba.”

Nyai Kérok nolak, tapi Ki Sangkala keukeuh maksa.

“Nyai teu satuju, Abah. Ieu kotok meujeuh keur dahar urang engké peuting.”

“Ahhh ..., Nyai! Ieu kasempetan jang urang pang jadi loba kotokna,” témbal Ki Sangkala. Ki Sangkala terus baé ngayakinkeun pamajikanana. Manéhna keukeuh hayang néwak kotok jago dibantuan ku pamajikanana.

Najan teu purun, Nyai Kérok lajuna nurut kana kahayang Ki Sangkala. Maranéhna leumpang ka landeuh deukeut galian sumur bari mawa kotok bikang jang eupanna. Hadéna baé kotok

jago masih aya dina dahan. Kotok bikang dicekel ku Nyai Kérok, sedengkeun Ki Sangkala naék kana tangkal nu dieunteupan ku kotok jago. Geleber, ujug-ujug kotok jago hiber. Ki Sangkala teu bisa néwakna. Kotok jago puputeran laju kongkorongok di luhureun sirah Ki Sangkala, doang nu ngalalaga téa.

"Kongkorongoook!"

Ki Sangkala keuheuleun bari ngagulutuk, "Héh kotok jago! Diudag ku aing ka mana baé géh dia hiber! Nyai, cekelan ieu kotok bikang nu pageuh, ulah dileupaskeun! Abah deuk ngudag kotok jago nepi ka beunangna," ceuk Ki Sangkala.

"Enya, Nyai mah deuk nungguan baé di saung," walon Nyai Kérok.

Nyai Kérok balik ka saung, sedengkeun Ki Sangkala terus ngungudag kotok bari rada keuheuleun. Ti pasir ka pasir, turun ngaraas walungan, tapi angger can beunang baé kotokna, malah wani norobos jungkrang sagala. Ari bras ka hiji tegalan nu pinuh ku ruyuk hoé. Lapur, kotok jago angger teu beunang.

Manéhna kagéteun, saharita kotok jago ngaleungit. Hawar-hawar kadéngé sawara tankatingali ti lebah ruyuk. "Héh, Aki. Anjeun moal bisa meunangkeun éta kotok, sabab si jago deuk cicing di dieu salilana." Éta sawara kadéngéna leuwih ti sababaraha balénan, ngeun Ki Sangkala weléh teu bisa neuleu wujudna. Ki Sangkala ménta sihpiwelas kana sawara téa.

“Héh, nu ngawasa ieu pasir, wayahna kami ménta ka anjeun, pasrahkeun éta kotok jang pamajikan kami.” Kituna éta bari terus sujud, acong-acongan ka unggal pongpok angin.

Cakakak, kadéngé aya nu ngabarakatak semu ngalalaga Ki Sangkala, dituturkeun ku haleuangna Pupuh Asmarandana Degung:

“Ulah nyalindung ka gunung,
ulah muntang ka sagara,
gunung mah sok rajeun urug,
sagara sok rajeun saat,
nya munjung kudu ka indung,
nya muja kudu ka bapa,
indung mah tunggul rahayu,
nya bapa tangkal darajat.”

“Ulah mapatahan! Teu butuh nu kitu aing mah.” Ki Sangkala marah, balik léngoh. Sajajalan manéhna nyieun tapak jalak dina babatangan nu diliwatanana.

Pasosoré, Ki Sangkala karak jol ka saungna bangun handeueuleun. Manéhna laju nyokot kotok bikang nu ditalian dina tangkal hareupeun saungna. “Pihéwaeun amat étah kotok nya! Capé-capé aing ngudag, lapur.” Ki Sangkala jejebris bari mawa kotok bikang ka lebah gawir deukeut galian sumur téa. Nyai Kérok kagéteun neuleu pamolah Ki Sangkala, laju ngudag.

Sadatangna di tempat galian sumur, gérésél éta kotok bikang dipeuncit. Getihna dikucurkeun kana galian sumur. Neuleu éta kajadian, Nyai Kérok nyampeurkeun.

“Kunaeun éta kotok dipeuncit, Abah?”

“Héwa aing! Kotok jagona ngaleungit,” Ki Sangkala némbalan bari terus ngucurkeun getih kana tempat galian sumur.

Teu kebel ti dinya, getih nu dikucurkeun téa ngadadak gugurilapan, cahaya kaemasan nyumorot di tempat galian nu asalna meredong nepi ka jadi caang. Maranéhna olohok neuleu getih robah wujud jadi batu emas nu ngagurilap. Teu diengkékeun deui éta emas ku maranéhna dicokot. Ki Sangkala ngahuleng sakeudeung. “Héh, Nyai, meureun kotok jago nu ngaleungit dina ruyuk téa géh doangna bakal robah jadi batu emas.” Laju Ki Sangkala ngajak deui Nyai Kérok ka tempat ngaleungitna kotok téa. Tapi Nyai Kérok nolak deui kana paméntana.

“Geus meujeuh, Abah, jang naeun barina géh éta batu emas?”

“Nyai, sugan inget kéneh harita basa datang ka istana Raja Pajajaran? Abah neuleu perhiasan batu emas nu kadoang kieu, cenah mah hargana étah mahal.” Sababaraha kali Nyai Kérok nolak. Tapi mungguh nu jadi awéwé teu daya teu upaya, lajuna dibawa paksa.

Jalan nu disorang ku maranéhna geus teu bireuk deui, nunutur tanda nu dijieun ku Ki Sangkala harita. Datang ka lebah ruyuk hoé, maranéhna langsung ngagali maké pakakas saayana. Gesit jasa Ki Sangkala jeung Nyai Kérok ngagali taneuh. Meunang sababaraha méter, bukti kalawan nyata naon nu jadi sangkaan Ki Sangkala. Batu emas nu saukuran kotok jago mancur nyaangan éta liang. Maranéhna nyakakak hareneun najan batuna can kacekel ogé.

Taya cara keur nyokot éta emas lian ti kudu ngisedkeun batu nu ngahalanganana. Basa ngisedkeun hiji batu, ujug-ujug batu gedé di luhureun sirah Ki Sangkala jeung Nyai Kérok rugrug ninggang maranéhna. Ki Sangkala jeung Nyai Kérok paéh saharita katindihan batu.

Getih kotok bikang nu aya di tempat galian sumur téa nyerep ngahiji jeung taneuh ngajadi urat-urat batu emas, terus nyebar ka sababaraha pasir nu aya di sabudeureunana.

Tah kitu sasakala aran Cikotok étah. Cikotok éta asal kecapna tina *Ci* jeung *Kotok*. *Ci* dicokot tina getih kotok téa nu wujudna éncér. *Ci* dina basa Sunda hartina cai. Jadi antara getih jeung cai éta boga sipat nu sarua. Sedengkeun istilah *kotok* éta tina basa Sunda, atawa istilah séjén tina hayam.

Kuari, di tempat galian emas di Cikotok jarang kacaritakeun aya nu cilaka. Hal éta dilantarankeun kotok bikang

nu paéh dipeuncit téa. Tapi saupama aya nu cilaka téa mah, cenah saméméhna maranéhna kabéréhan neuleu emas nu wujudna kadoang kotok jago, sabab can paéh téa kotok jago mah. (*)

SASAKALA SUMUR TUK

KHAÉROHYAROH

Jaman baheula, aya hiji désa nu kawilang ma'mur, nyaéta Désa Harjatani. Cenah, Harjatani éta asalna tina kecap "Raharja" nu hartina sejahtera atawa ma'mur, jeung kecap "tani" nu hartina patani. Cindekna disebut Désa Harjatani éta ku sabab désana sejahtera atawa ma'mur.

Di éta désa, hirup salaki-pamajikan, aranna Ki Gamparan jeung Nyi Mas Kuningan. Cicingna di pasisian. Maranéhna kaasup jalma nu dipiajrih ku warga désa ku sabab béréhan sarta resep tutulung.

Hiji waktu, katarajang halodo panjang, wahangan saraat, sawah jeung huma gararing, nepi ka loba nu kalaparan. Désa Harjatani nu katelah subur jeung ma'mur, harita mah ngolétrak. Neuleu éta kaayaan, Ki Gamparan pohara sedihna. Dina ngimpina ngolébat yén musibah nu kuari keur karandapan, éta balukar lobana masarakat nu ngaruksak alam.

Horéng basa Ki Gamparan nguriling ka lembur-lembur, malah nyaksian sorangan, bener baé sakur nu kadeuleu ku manéhna, di barateun désa aya ranca nu méh-méhan ruksak alatan loba tangkal kawung nu dituaran. Kitu deui di kiduleun désa,

leuweung-leuweung geus bulistir, kayuna béak dituaran bari jeung teu dipelakan deui.

“Beuh, ieu horéng kila-kila nu aya dina pangimpian téa! Masarakat kudu dibéré nyaho ngeunaan balukar nu tumiba mun alam geus ruksak,” gerentesna.

Ari geus balik, Ki Gamparan héraneun neuleu pamajikanana pungak-pinguk doang nu bingung.

“Ki, aya sumur di burieun imah urang!” ceuk Nyi Mas Kuningan sumanget ngabéjaan bari héraneun kénéh.

“Sumur? Sumur naeun? Saha nu ngagalina, Nyi?” Nanyana banget héraneun.

“Euweuh nu ngagali, Ki. Tadi baé kami keur sasapu di burieun imah, kasampak aya sumur deukeut tangkal kihujan,” walon Nyi Mas Kuningan, “Bising teu percaya mah, hayu baé urang ka ditu!” Nyi Mas Kuningan ngayakinkeun deui.

Deregdeg maranéhna muru ka sumur. Bener baé di burieun imahna aya sumur nu lumayan gedé, sarta cai nu kaluar tina taneuhna ngagenclang hérang.

“Bener, Nyi, ieu sumur sumberna tina taneuh. Urang kudu sukuran kana ni’mat Pangéran. Cuan poho, kudu bisa ngamangpaatkeun kalawan hadé, méré mawéh ka sasama nu kuari keur susah ku cai!” paréntah Ki Gamparan ka Nyi Mas Kuningan.

***

“Béwara ...! Aya iber ti Ki Gamparan yén sakur warga nu kakurangan cai dititah ka imahna. Aya sumur nu caina ngaburial. Bisa mawa kendi atawa wadah naon baé. Cuan, kudu diturutkeun paméntana, yén sakabéh warga teu meunang ngaruksak deui alam, ulah sagawayah nuaran babatangan jeung sajabana. Kudu bisa ngajaga alam, pang cai nu aya dina sumur teu saat. Sakitu béwara nu bisa ditepikeun. Hayang leuwih jéntré deui mah, datang baé ka imahna Ki Gamparan!” ceuk Pa Sarkum, wawakil Désa Harjatani.

Loba warga nu teu percayaeun ngadéngé éta iber, tapi ku sabab butuh cai téa, lajuna mah maranéhna daratang ka imah Ki Gamparan. Sanggeusna datang, héraneun ku éta sumur. Maranéhna laju ngamangpaatkeun sumur sanggeus meunang ijin ti Ki Gamparan jang kaperluan mandi, masak, ogé nyeuseuh. Warga bungaheun jasa, sabab lian ti caina hérang ogé mantak nyegerkeun. Ku warga, éta sumur ditelah “Sumur Tuk” sabab kendi nu sok dibawa ku maranéhna téa upama diadu jeung kendi lianna, kaluar sawara “tuk”.

***

Hujan can cur kéném baé, wahangan jeung sawah mingkin ngolétrak, sasadiaan kadaharan geus nyaeutikan. Ki Gamparan ménta ka masarakat supaya ngamimitian deui ngagarap huma jeung sawah sanggeusna dua taun teu tatanén. Ku warga diturutkeun, babarengan nyieun heula susukan nu sumber caina

tina sumur, sumanget jasa. Harepanana dina taun ieu ku ayana hal éta maranéhna bisa tatanén deui sarta hasilnya nyugemakeun.

Samémèh tatanén, Ki Gamparan peupeujeuh ka warga supaya bijak dina ngagunakeun cai sarta bisa ngajaga kasaimbangan alam, ulah nepi ka ngaruksak atawa sarakah ngeduk sagala nu dihasilkeun ku alam. Kabéh satuju kana éta wasiat, sabab Ki Gamparan geus dianggap guru atawa tokoh masarakat nu kudu diturut.

Rupa-rupa nu dipelak ku warga désa, ti mimiti kacang tanah, paré, beubeutian, jagong, jeung sayur. Masih kénéh dédéngéeun papagah Ki Gamparan kumaha cara hirup jeung alam. Ku kituna, sakabéh warga paheuyeuk-heuyeuk silih ajénan, silih tulungan upama meunang kasusah ngeunaan cai jeung susukan. Taya hiji gé nu asa pangbenerna, sabab mamalana bakal leuwih rosa.

Poé maju ka minggu, minggu maju ka bulan, hasil tatanén geus bisa kaala kalawan nyugemakeun. Nu melak paré, hasilna saparo disimpen di leuit pang aya sasadiaan upama keur usim paceklik.

***

Sataun ti éta, hujan nu dianti-anti ahirna ngaguyur. Susukan nu asal sumber caina tina sumur tuk, kuari mah ngagulidag tina cihujan. Pareng jeung datangna usim hujan, Ki

Gamparan jeung Nyi Mas Kuningan amitan ka warga désa seja mulang deui ka daérah asalna. Warga pohara ngarasa leungiteunana ngadéngé éta béja. Keur ngajénan kahadéan Ki Gamparan jeung Nyi Mas Kuningan, warga mahanan hasil panén mangrupa béas, jagong, kalapa, cau, dangdeur, jeung sajabana. Papagah jeung sikep Ki Gamparan ogé Nyi Mas Kuningan supaya hirup guyub jeung alam jadi tuladeun keur kabéhan.

Saditinggalkeunana ku Ki Gamparan jeung Nyi Mas Kuningan, Désa Harjatani kasohor ku hasil tatanénna. Sumur Tuk nu katelah geus méré mangpaat ka sakabéh warga sarta can kungsi saat, jadi saksi ma'murna warga désa. (*)

NYI BUYUT

DINDA ÉKA SAVITRI

Cahaya matapoé nu moncorong di Kampung Salasih, Désa Cigoong Kalér, Kacamatan Cikulur, Kabupatén Lebak, karasa néréptépna. Panas nu karasa lain tina hawana nu saenyana mah, tapi tina sorot cahaya beungeut hiji awéwé nu geulis kawanti-wanti, éndahna kabina-bina, nu aya di Kampung Salasih. Ku geulis-geulisna, éta awéwé minangka hiji-hijina kembang désa nu jadi kacapangan. Upama dijéntrékeun pangawakanana mah saperti: matana cureuleuk, irungna kuwung-kuwungan, kulit nu héjo carulang, biwir lir jeruk sapasi, ramo-ramona nu marucuk eurih, ditilik ti gigir lenggik, diteuteup ti hareup sieup, disawang ti tukang lenjang, sarta buukna nu hideung meles ngarumbay panjang. Cenah saking panjang buukna, upama digulungkeun étah gedéna méh saukuran sééng. Ari aran éta awéwé nyaéta Nyi Buyut.

Nyi Buyut cicing nunggelis di hiji kampung. Kadua kolotna geus naringgal, sarta teu boga dulur hiji-hiji acan. Tapi sok sanajan kitu, manéhna teu ngarasa keueung, sabab loba lalaki nu unggal poé nganjang ka imahna. Kageulisanana geus jadi sabiwir hiji, kasohor ka unggal désa di Kabupatén Lebak. Unggal-unggal aya lalaki nu datang ka imahna, sok laju ngarasa bogoh,

hayang geura ngawin manéhna. Tapi, weléh ditolak kaharayangna étah.

Hiji waktu, datang hiji parajaka ti Désa Cikulur. Satadina mah deuk balik ka kampungna, ngeun hujan ngadadak turun. Reg, manéhna eureun di hareupeun imah Nyi Buyut. Jrut turun tina kudana, laju ngadon ngiuhan di dinya. Hawar-hawar kadéngé nu keur hahaleuangan ti jero imah. Panasaran ku manéhna ditoong tina jandéla, banget ku panasaran asal datangna sawara nu sakitu halimpuna. Tina jandéla nu hordéngna rada nyingkab, ku manéhna diilikan. Bréh baé kadeuleu hiji awéwé nu geulis kawanti-wanti sarta buukna nu ngarumbay. Éta parajaka mata simeuteun neuleu kageulisan Nyi Buyut. Teu diengkékeun deui, manéhna laju ngetrok panto. Teu kebel, Nyi Buyut mukakeun panto. Éta parajaka ngawani-wani maneh nanya ka Nyi Buyut sanajan bari arapap-eureupeup ogé.

“Hampura, ieu kami ilu ngiuhan di imah Nyai! Hujan sakieu ngagebrétna.” Ngomongna masih olohok mata simeuteun neuleu nu geulis.

“Oh, muhun mangga.”

“Ari Nyai jeung saha di dieu? Kapan réhé amat imahna?”

“Sorangan baé kami mah, Kaka.”

“Oh, ari pamegetna ka mana kitu? Teu hadé, Nyai, nu geulis cicing sorangan,” omong parajaka ngalalaga.

“Ja kami mah tacan kawin.”

Cacahan Nyi Buyut jeung éta parajaka lumayan kebel nepi ka matapoé géh méh-méhan deuk surup, hujan géh geus raat. Nyi Buyut mémang katelah soméah, amis budi ka sasaha géh, kaasup ka lalaki. Basa mungkas obrolan, éta parajaka ngedalkeun keretegna hayang ngawin Nyi buyut. Ti mimiti neuleu kageulisanana, langsung kapincut kapentang asmara. Tapi, Nyi Buyut angger nolak kana kahayang éta parajaka, sabab geus nyaho yén sakabéh lalaki nu deuk mileuleuheungkeun manéhna pédah ku kageulisanana doang, lain kana pribadina. Deregdeg éta parajaka leumpang. Clak kana kuda, laju balik bari haténa medenghel.

Isukna, béja ngeunaan kageulisan Nyi Buyut katelah ka mana-mana. Méh unggal poé aya baé lalaki nu mampir ka imahna najan teu hujan géh. Jol deui, jol deui lalaki nu ngedalkeun cintana, tapi angger ditolak sapajodogan ku Nyi Buyut.

Hiji poé, basa matapoé mimiti némbongkeun cahayana, aya tujuh lalaki nu tarunggang kuda, nu pada-pada bogoh ka manéhna, sarua sakabéhna ditolak cintana. Nepi ka hiji poé, lalaki nu tujuhan téa datang deui, niatna taya lian hayang ngawin Nyi Buyut. Ti kajauhan kéneh ku Nyi Buyut kadéngé sawara kokotoprakan, sawara kuda nu leuwih ti hiji. Haté leutik Nyi Buyut ngarasa sieun, ketug jajantungna mingkin ngerepan,

ngadarégdég. Gesat-gesut, Nyi Buyut ngagulung buukna nu panjang. Clak naék kana kudana nu aya di burieun imahna. Salah saurang di antara nu tujuhan aya nu neuleukeun Nyi Buyut kabur. Atuh sakabéhna pada ngarudag, paheula-heula meunangkeun Nyi Buyut.

Nyi Buyut terus baé ngadalikeun kudana kenceng jasa, inggis katéwak. Di satengahing jalan, manéhna ngaliwatan leuweung awi nu gerot. Buukna nu geus meunang ngagulung téa ujug-ujug ngarumbay, laju ngait kana salah sahiji batang awi nu malang ka tengah jalan nu diliwatanana. Blug baé Nyi Buyut ragrag tina tungganganana, roroésan nahan kanyeri.

Tujuh lalaki ngurilingan Nyi Buyut nu geus nyangreud kana awi. Salah saurang lalaki ngagorowok dina tungganganana.

“Nyi Buyut, bongan boga pangawakan hadé. Kumaha baé carana, maném kudu jadi milik kaula.”

“Teu bisa. Nyi Buyut mah kudu jadi milik aing deuk kukumaha géh,” nu séjén némbalan.

Katujuh lalaki halaliwu masinikeun Nyi Buyut.

“Geus cukup!” Nyi Buyut ngagorowok.

Jep. Katujuh lalaki saharita teu lémék teu nyarita, mungguhna kasima ku Nyi Buyut. Jrut tarurun tina kudana.

“Mun téa mah maraném mikahayang kami atawa mikahayang awak kami, yeuh dibikeun ka kabéhan.”

Kabéh héraneun ku polah Nyi Buyut. Kumaha carana bisa mikeun awakna nu sampulur éta ka tujuhan?

Sanggeus kitu, Nyi Buyut ngaluarkeun balati tina samping nu dibeulitkeun kana cangkéngna. Gérésél! Gérésél! Awakna dicacag-cacag jadi tujuh bagéan, laju dibagi walatra ka tujuhan. Atuh sakabéhna olohok ngembang kadu neuleu nu dibikeun ku Nyi Buyut.

Ti harita geus taya deui awéwé nu geulis pangawakanana. Nyi Buyut geus paéh. Katujuh lalaki ngarasa hanjakaleunana, maranéhna laju ngaruang bagian-bagian awak Nyi Buyut di tempat nu béda-béda. Taya deui nu bisa diparebutkeun, kabéh geus rata dibagikeun. Salah sahiji bagian awakna nu masih nyésa nyaéta buukna nu panjang, nu kuari dipercaya dikuburkeunana di Désa Cigoong, Kacamatan Cikulur, Lebak, Banten. (*)

ASAL MUASAL KAMPUNG DANGDEUR

FIRDA RASTIA

Kacaritakeun, di beulah timur Banten aya hiji karajaan leutik nu aranna teu pati sohor ka mamana. Masarakat nelahna ku sebutan Karajaan Dangdeur. Hal éta dilantarankeun yén baheulana loba kebon dangdeur sakaligus jadi kadaharan poko rahayatna.

Éta karajaan dipingpin ku hiji raja nu adil tur bijaksana, aranna nyaéta Raja Dangdeur. Raja nu kasohor ku bageurna sarta teu asa aing. Rahayat mikaresep ku cara mingpinna. Lian ti bageur, Raja Dangdeur ogé kasohor ku béréhanana. Teu jarang manéhna datang langsung ka imah warga najan ngeun ukur cacahan atawa isok ogé ilu gawé ngabantuan patani dangdeur.

Raja Dangdeur pohara resepeunana kana sakur kadaharan nu diolah tina dangdeur. Ka juru masak gé sering meredih sangkan dipangnyieunkeun rupa-rupa kadaharan tina bahan dangdeur. Dangdeur éta hiji kadaharan nu pangbagusna nu aya di sakuliah dunya, ceuk pikirna. Upama usim panén geus datang, raja sok ngayakeun sayémbara nyieun kaolahan tina dangdeur. Sayémbarana dibagi dua tahapan, nyaéta tingkat luhur jeung tingkat handap. Tingkat luhur ajangkeuneun golongan bangsawan, sedengkeun tingkat handap ajangkeuneun rahayat biasa. Lain joré-joré pangbibitana géh, hiji sapi jeung hiji embé minangka nu

kabiruyungan jadi piunggul éta sayémbara. Lian ti éta, ngayakeun sayémbara ogé minangka tanda sukur raja jeung rahayat Karajaan Dangdeur ka Nu Kawasa nu geus maparin kaberkahan nu taya hinggana.

***

Hiji waktu, Nyimas Sri Rawa, pamajikan Raja Dangdeur bakal dipaparin anak. Raja pohara bungaheunana meunang éta béja ti Ma Raji. Saking bungahna, manéhna ngabéwarakeun ka sakabéh rahayat. Rahayat ilu bungah ngadéngé éta warta. Malahan nepi ka aya rahayat nu nadar sagala, cenah upama hiji waktu orokna gubrag ka dunya, bakal masrahkeun sakabéh hasil panénna ka istana.

Ti poé ka poé, beuteung Nyi Putri mingkin ngagedéan. Lamun Ma Raji teu salah itungan, sanggeus ngaliwatan hiji purnama gubragna orok étah, meneran bulan purnama deuih lahirna géh. Ceuk kapercayaan rahayat Karajaan Dangdeur, orok nu lahir dina peutingan purnama, bakal ngadatangkeun kahadéan atawa sabalikna.

Ninggang wanci nu mustari, Nyi Putri ngalahirkeun orok lalaki. Rupana nu kasép, irung bangir, buuk meles, sarta biwirna nu beureum, taya bandinganana di Karajaan Dangdeur. Putra Bagus Dangdeur minangka aran nu geus disiapkeun ku raja, nu cenah pihartieunana nyaéta hiji putra ti Karajaan Dangdeur nu

kasép sarta pinter. Jaga nu bakal neruskeun tahta karajaan ngagantikeun bapana.

***

Putra Bagus Dangdeur kuari geus parajaka. Sakebel lima belas taun, Karajaan Dangdeur mingkin raharja. Tilok aya hiji géh masalah nu datang narajang karajaan. Sakabéhna hirup akur ayem tengtrem, taya papaséaan. Hal éta balukar sumanget raja dina mingpin karajaan. Sawah jeung kebon salubur. Taneuhna nu béar ngahasilkeun dangdeur kualitas hadé. Éta hal balukar tina sumangetna gawé rahayat ditambah rajana nu béréhan.

Hiji waktu, aya jalma tengah tuwuh nu teuing ti mana boa datangna, teu puguh asal-usulna, nyanghareup ka raja pang diijinan cicing di Karajaan Dangdeur. Ku béréhanana raja, éta jalma diijinan nyicingan saung deukeut leuit, teu jauh ti kebon dangdeur. Ku lantaran éta jalma geus teu kawawa pikeun barang gawé itu-ieu di kebon, lajuna bébéja ka raja, nawarkeun jasa ngaramal jang gagantina. Manéhna éta ahli nujum, bisa nyawang mangsa nu bakal datang. Sing saha baé nu hayang diramal nasibna bisa datang ka dinya, saratna teu beurat, cukup mawa dangdeur sabatang. Cenah ngaramalna ku cara nengetan tanda-tanda di langit atawa ngambeu hiliwirna angin.

Mimiti mah ngeun hiji dua baé nu percaya kana ramalanana. Tapi, mingkin ka dieu mingkin loba nu daratang ka

saungna. Kaperluanana rupa-rupa. Aya nu ngeun ukur nanyakeun cuaca dina mangsana engké panén, aya nu hayang ditengetan gurat leungeunna, aya ogé nu hayang ditengetan paromanna. Teu saeutik awéwé géh tingkurunyung ngadon nanyakeun perkara jodo.

Selenting bawaning angin, béja ngeunaan kamampuhna dina ngaramal nepi ka istana. Sanggeusna dicaritakeun ku pajabat istana, raja mingkin panasaran, boga kereteg hayang leumpang ka éta saung.

Kacaturkeun raja geus cunduk ka saungna, dibarengan ku pangawal. Éta jalma pohara bungaheun kadatangan tamu ti istana, imutna teleb jasa.

“Mangga, Juragan. Ngeun ambén ieu doang nu dipiboga ku kami. Taya korsi pon kitu deui méja jang nyimpen susuguh. Ukur cai tina kendi ieu. Sugan baé teu asa dihinakeun. Teu saupami, Juragan,” ngomongna handap asor.

“Hatur nuhun. Ieu cai jang kaula mah geus leuwih ti ngajénan. Maksud datangna kaula ka dieu, lain ngeun mampir doang. Ceuk béja ti nu beunang dipercaya, majar andika bisa nyorang ka pagéto, bisa neuleu nasib kumaha ka hareupna. Ku kituna, kaula ménta ka andika, hayang nyaho kumaha nasib Karajaan Dangdeur engké jaga. Lain kaula teu percaya ka Gusti

Yang Widi, ieu mah ngeun hayang nyaho baé kumaha paningali andika salaku tukang torah."

"Bungah nu taya hinggana, Juragan kersa dongkap ka saung nu sakieu ayana lamun dibandingkeun jeung istana mah. Kami endeuk babagi pangaweruh ka Juragan sugan baé katarima. Mangga, Juragan, pananganana tamprakkeun!"

Teu diengkékeun deui Raja Dangdeur ngasongkeun dampal leungeunna. Gurat-gurat dina dampal leungeun raja ku manéhna ditengetan. Sanggeus bérés, manéhna neuteup langit diselang ku meureumkeun matana bari ngambeu hiliwirna angin.

"Panangan Juragan teu nyalahan, gurat-guratna nuduhkeun yén Juragan hiji pamingpin nu bijaksana jeung mulya. Taya hiji géh jalma nu boga kakuatan kadoang kieu. Tapi, Juragan ...," ngomongna ngarandeg. Sakedapan ngarénghap, laju neuteup langit jeung nyeuseup hawa deui. Kitu baé nu dilakukeun ku manéhna aya kana tilu balénan. Raja jeung pangawalna héraneun neuleu peta éta jalma. "kami geus mastikeun sababaraha kali. Tapi, kami miharep Juragan bisa narima kana ieu ramalan."

"Nyanggakeun."

"Jaga, ieu karajaan bakal panggih jeung titis tulisna. Sakur nu nyamuni bakal bolékér dina waktuna. Lamun dipapandékeun ka manusa mah, ieu Karajaan Dangdeur moal deuk lana, Juragan."

Raja Dangdeur ngalenyepan kalawan teleb naon nu diomongkeun ku éta jalma. Angger masih can kapaham maksudna.

“Naeun maksud ‘moal deuk lana’ éta nuduhkeun yén Karajaan Dangdeur bakal runtuh?”

“Yaktos, Juragan.”

“Coba jéntrékeun kadoang kumaha runtuhna étah? Naon nu jadi sababna? Kumaha jalan kaluarna?” raja nu masih can sugema terus ngasongkeun pananya.

“Hampura, Juragan. Ngeun sakitu nu bisa dibéjakeun. Ka dituna mah nyanggakeun, teu langkung Juragan. Ngeun lamun diwenangkeun, kami deuk méré papatah.”

“Geura, lamun sakirana mantak pihadéeun jang karajaan mah.”

“Pageuhan tilu pituah ieu ka putra Juragan. Jaga, pituah ieu nu bakal mawa kahadéan. Kudu daék nulungan ka sasama, kudu bisa ngahampura, sarta kudu bisa nganuhunkeun.”

***

Samulangna ti saung, Raja Dangdeur nyaritakeun ngeunaan nasib karajaan ka pamajikanana. Teu poho ogé nyaritakeun tilu pituah nu kudu diturutkeun téa. Tapi, pamajikanana teu percaya kitu baé, teu pati saregep.

Nepi ka hiji poé, musibah datang. Saharita Karajaan Dangdeur ngalaman paceklik. Sakabéh sawah jeung kebon ngolétrak. Hasil panén taya nu kapuluk sarta rahayatna loba nu kalaparan.

Raja Dangdeur nu ngarasa waswas nyaksian kaayaan kitu, satékah polah néang pijalaneunana. Sababaraha urang nu dipercaya dititah nalungtik éta kaayaan.

Sanggeus disusud ka ditu – ka dieu, musibah nu datang éta alatan kalakuan Putra Bagus Dangdeur. Singhoréng putra raja geus ngalakukeun hiji pagawéan nu matak ngawiwirang. Putra Bagus nu kasohor kagagahanana, geus nyieun pagawéan rucah jeung mojang désa. Raja Dangdeur pohara benduna. Manéhna ngasongkeun pilihan ka anakna, antara tetep cicing di karajaan atawa leumpang ninggalkeun karajaan.

“Héh, Ayah, naeun untung rugina jang kami mun milih salah sahiji?” tanya Putra Bagus Dangdeur.

“Manéh ngawin éta awéwé sarta tetep cicing di karajaan, ngeun status sabagé putra mahkota dicabut. Manéh ogé moal meunang warisan nanaon di ieu karajaan. Lian ti éta, kaula deuk megatkeun status ka nu jadi anak. Pilihan nu kaduana, indit ti ieu karajaan jang salilana.”

Taya piliheun nu mantak nguntungkeun jang Putra Bagus Dangdeur. Tapi, saking bogohna ka éta awéwé, Putra Bagus milih indit ninggalkeun karajaan.

Sanggeus inditna Putra Bagus Dangdeur, Karajaan Dangdeur taya robahna, malah mingkin ngarosaan. Halodo geus ngabarubahkeun sagalana. Dangdeur geus taya nu jadi, kalaparan jeung kamiskinan di mana-mana. Karajaan Dangdeur geus nepi kana wancina, runtuh. Kitu deui Raja Dangdeur nu ngarasa kaduhungeun geus ngusir anakna lajuna ninggal. Jang pangéling-ngéling yén Karajaan Dangdeur kungsi digjaya dina waktuna, masarakat netepkeun karajaan jadi ngaran kampung, nyaéta nu kuari katelah jadi Kampung Dangdeur. (*)

RADÉN BEDOG JEUNG TANJUNG LESUNG

ZAFRANS GUMANTI

Jaman baheula, aya hiji pangéran nu aran Radén Bedog. Karesepna ngumbara ka nagri-nagri nu jauh, dibaturan ku dua satoa nu jadi sobatna. Watu minangka aran anjingna, sarta kudana nu aran Kula.

Hiji waktu, Radén Bedog nu sapopoéna cicing di karaton ngarasa kesel, lajuna leumpang béh ka luar karaton bareng Watu ogé Kula. Ari leumpangna éta ka leuweung beulah timureun karaton. Ku sabab bingung deuk ka mana, manéhna mutuskeun deuk nunutur hiji satoa naon baé nu kabérénéhan kadeuleu di hareupeunana.

Sanggeus sawatara waktu ngadagoan, kurunyung béh hiji lutung putih kakalacatan dina tangkal, gugulayutan ka ditu – ka dieu. Moal disangka ti saméméhna yén éta lutung putih nu bakal ngarobah kahirupanana.

Matapoé geus aya di luhureun embun-embunan, keur meujeuhna panas moléntrang. Radén Bedog geus ngarasa capéeun, kitu deui Watu jeung Kula.

“Doangna geus rada jauh ieu leumpang,” omong Radén Bedog ka Watu jeung Kula.

Lutung putih geus ngiles ka lebaheun pilemburan nu aya di sisi basisir. Lajuna Radén Bedog, Watu, jeung Kula mutuskeun deuk ngareureuh heula di sisi basisir. Pamandangan nu aya di basisir pohara mantak kelarna, éndahna kaliwat saking. Keusikna nu bodas ngeplak sarta caina nu biru lir kembang bokor nu jaradi di karaton. Lian ti éta, aya ogé cai sumber nu mantak nyecep.

"Asa karak manggih ieu tempat kula mah," ceuk pikirna.

Berebet, Radén Bedog nyusul Watu jeung Kula nu geus leuwih tiheula nginum cai sumber téa.

"Demi raja jeung ratu, ieu cai ku seger amat!" omongna.

Manéhna ngareureuh heula sakeudeung di dinya samémèh neruskeun deui leumpangna. Rasa kapanasaranana pohara gedéna, hayang nyaho ka jalma-jalma nu aya di pilemburan nu didatangan ku lutung téa.

Pasosoré, sanggeus cukup ngareureuhna, Radén Bedog ngajak deui Watu jeung Kula neruskeun lalampahanana ka pilemburan tempat ngilesna lutung putih téa. Éta pilemburan perenahna di burieun ruyuk babakoan.

Nepi ka nu dituju, suasana pilemburan karasa réhéna. Radén Bedog pinuh kacuriga sarta ngarasa waswas. Lajuna nitah Watu jeung Kula pang ulah ka jauh, tetep kudu aya di gigireunana. Teu kebel, ngurunyung awéwé ti hiji imah nu panggedéna di éta lembur.

“Sampurasun, Nyai! Kunaeun ieu lembur réhé amat?”

Éta awéwé ngadeukeutan Radén Bedog bari ngageunggeuik.

“Kolot kami geus naringgal, Kaka. Maranéhna direwég maung di leuweung kalér-ngidul sanggeusna motongan kayu garedé jeung ngagali emas di gawir karuhun. Lutung putih inguan kami éta la nu méré nyaho, sanggeus mikeun baju bapa kami nu lamokot ku getih,” ngomongna bari dareuda.

“Aéh, nu bener, Nyai? Laju, kuari ngeun sorangan baé?”

“Henteu, Kaka. Masih aya adi-adi kami, laleutik kéněh. Ku kami dititah ngerem baé di imah. Kumaha deui ja taya deui nu ngurusan, iwal ti ku kami sorangan.”

Ngadéngé kitu, Radén Bedog mutuskeun deuk cicing saheulaanan di dinya.

Wanci ngagayuh ka peuting, Radén Bedog ngumpulkeun barudak nu masih laleutik kéněh di imah éta awéwé.

“Hampura saacanna. Saha téa aran Nyai?”

“Sri Pohaci. Saha atuh aran Kaka?”

“Kaula Radén Bedog.”

Laju, sanggeusna Radén Bedog ngumpulkeun barudak sarta misah-misahkeun dumasar kana umurna, pok nanya ka Sri Pohaci.

“Kumaha carana ieu pangeusi lembur nyiapkeun jang dahareunana?”

“Biasana mah ku kolot sok dijieunkeun, nutuan paré dina lisung dibarengan ku para pamuda. Tapi, kolot kami kapan geus ninggal. Kitu deui saparo para pamuda. Sugan baé atuh Kaka bisa nulungan kami pangnyieunkeun dahareun jang barudak?” Sri Pohaci meredih.

“Geus jadi kawajiban kaula ngajamin kasalametan ieu barudak, Nyai.”

Radén Bedog mutuskeun yén unggal budak nu cicing di imahna séwang-séwangan kudu dibaturan ku sakurang-kurangna hiji pamuda. Laju, Radén Bedog ngomong deui ka Sri Pohaci.

“Hampura, Nyai. Paménta kaula ieu pasti nimbulkeun katugenah ka diri Nyai. Mun téa mah diijinan, meunang teu kaula ilu ngéndong di imah Nyai, di balé awi nu itu?”

“Atuh karuh, bungah jasa kami mah, Kaka. Ngeun hampura baé mun kami kurang sopan. Aya hiji hal nu hayang ditanyakeun kana Kaka. Ti mana Kaka asalna? Doangna Kaka mah ti nagri nu rada jauh tah?”

“Doangna mah kitu, Nyai. Mémang ieu kula geus jauh ninggalkeun nagri. Tadi, kula keur leuleumpangan, teu puguh ka mana nu deuk dituju, laju neuleu lutung putih éta la, bogana Nyai. Kula mutuskeun béh nunutur manéhna, horéng nepi ka dieu.”

“Oh, mun kitu mah Kaka pohara capéna meureun. Kin kami deuk nyeduh kopi heulan jang Kaka.”

“Hatur nuhun, Nyai.”

Isukna, para pamuda halaliwu di imah Sri Pohaci, hariwangeun.

“Itu barudak, Sri! Careurik nahan lapar. Taya deui nu bisa didahar,” ceuk hiji pamuda.

Teu diengkékeun deui, deregdeg Sri Pohaci muru ka pamondokan lisung, deuk nutu paré. Saking haliwuna, Radén Bedog kahudangkeun, laju nyampeurkeun Sri Pohaci.

“Aya naeun, Nyai, halaliwu amat?”

“Barudak, Kaka. Careurik narahan lapar.”

“Nya enggeus ari kitu mah, ku kula dibantuan nyiapkeun béas.”

Radén Bedog gesat-gesut nutuan paré. Beubeunanganana leuwih loba tibatan nu dihasilkeun ku para pamuda jeung Sri Pohaci. Maju ka beurang, basa Sri Pohaci jeung para pamuda keur ngareureuh, Radén Bedog mah terus baé nutuan paré jang barudak nu kalaparan.

Kira geus cukup nutuna, manéhna neruskeun ngala lauk ka laut. Gedig leumpang ka basisir. Tanggung jawabna pohara gedé kana nasib barudak nu aya di éta lembur, sanajan manéhna geus ngarasa capé géh.

"Ngareureuh heulan atuh Kaka sakeudeung mah!" omong Sri Pohaci.

"Teu bisa, Nyai. Nasib barudak éta tanggung jawab kula," ngomongna bari clak kana parahu.

Ka sorénakeun, Radén Bedog kakarak jol bari mawa lauk sababaraha wadah.

"Ya Alloh, Kaka! Éta beungeut kuat ka pias kitu! Ceuk kami géh kapan tadi titah ngareureuh heulan sakeudeung."

Ngadadak, basa mawa mangpuluh wadah lauk, blek Radén Bedog kapaéhan.

“Coba bawa ieu wadah, heh para pamuda! Kami deuk nulungan heulan Radén Bedog nepi ka sadarna deui,” ceuk Sri Pohaci.

Sababaraha poé ti éta, Radén Bedog kakarak éling, tapi panasna mah teu daék rerep. Kadeuleu aya nu anéh dina suku Radén Bedog, semu geuneuk jeung bareuh. Sri Pohaci lumpat sakalumpat-lampét ka leuweung nyiaran ubar nu cocog jang nyageurkeun Radén Bedog.

“Sabenerna, naeun nu geus karandapan ku diri Kaka?” tanya Sri Pohaci.

“Hampura, Nyai! Sabenerna sakebel kula ngumpulkeun lauk sababaraha poé kaliwat, kula kagégél ku lauk nu aya racunan. Kula ngarasa moal kebel deui ieu hirup, Nyai.”

Sri Pohaci ceurik ngageunggeuik bari nangkeup Radén Bedog.

“Kaka mémang ksatria. Kami pohara kahutangan budi ku Kaka. Wayahna, sing kuat! Kami deuk ngalakukeun naeun baé asal Kaka tetep hirup.”

Isukna, Radén Bedog nu geringna mingkin ngarosaan lajuna ninggal. Suasana di pilemburan mungguh mantak sedih, kabéh ngarasa kaleungitan. Radén Bedog dikurebkeun ku para pamuda di sisi basisir, dipapag ku sungkawana barudak lembur sarta dipirig ku kawih lirih Sunda Wiwitan.

Jang ngajénan kana kahadéan Radén Bedog, éta basisir ku Sri Pohaci diaranan Tanjung Lesung. Unggal poé manéhna jarah ka makamna nepi ka ninggalna. Sri Pohaci dikurebkeun di gigireun makam Radén Bedog. (*)

EMBÉ RAUN

ENOK BADRULAÉLA

Kacaritakeun, aya salaki-pamajikan nu taun-taun can dibéré katurunan. Nepi ka ngakolotan géh maranéhna can boga anak. Ngeun untungna maranéhna boga hiji embé nu pohara dipihémanna. Kabagjaan nu dirasakeun ku maranéhna moal bisa digambarkeun. Embé diperenahkeun di tempat nu sahadé-hadéna, beresih, ogé merenah jang ukuran embé mah. Unggal poé embé diurus sarta dicumponan sagala kabutuhna. Cindekna mah dipihéman béh. Ari aran éta embé nyaéta Raun.

Ku sabab mingkin ka dieu mingkin ngakolotan baé, lajuna mah si Raun ditinggalkeun maot ku nu bogana. Si Raun ngeun tinggal sorangan di éta tempat. Kuari, manéhna kudu bisa néang dahareun sarta ngurus sagala rupana ku sorangan.

Hiji wanci, torojol saabrulan jelema, di antarana raja, patih, jeung sababaraha perjurit deuk moro ka leuweung nu deukeut ka tempatna si Raun. Sanggeus rada kebel, raja, patih, jeung sababaraha perjurit téa maksud deuk kiih. Teu kahaja, cikiihna meneran kana tempat nginum si Raun. Ari si Raun teu sadar, leguk béh cikiih diinum ja haus téa.

Sababaraha poé ti éta, si Raun reuneuh, sarta ngajurukeun anak nu wujudna manusa, lobana aya tilu, sakabéhna awéwé. Nu

kahiji aranna Anén, nu kadua dibéré aran Néngsih, sarta nu katilu nu panggeulisna nyaéta Ceremin. Si Raun pohara bingungeunana, kumaha cara méré dahar katilu anakna, laju kumaha cara ngurusanana, sedengkeun manéhna pan kasebutna embé. Ku sabab si Raun mah calakan sarta boga pangangseu nu seukeut jasa, manéhna nyieun hiji kantong nu digantélkeun kana beuheungna, laju béh manéhna jadi tukang baramaén di pasar jang nyumponan kabutuh anak-anakna. Lamun balik ti pasar, si Raun sok ngageroan katilu anakna.

"Ya Anén, ya Néngsih, ya Ceremin, ema geus balik ti pasar," omongna.

Bray, panto dibuka. Sup, manéhna ka jero nepungan anak-anakna, ngarumpul di jero imah. Ngeun ku sorangan si Raun ngurusan anak, manéhna mihéman jasa ka anak-anakna. Sok sanajan kudu jadi tukang baramaén, teu jadi urusan jang manéhna mah, nu penting bisa nyumponan kabutuh anak-anakna. Kuari, katilu anakna geus sawawa, sarta jadi putri-putri nu hadé haté tur bijaksana.

Sakumaha biasana, si Raun keur baramaén di pasar, kurunyung deui saabrulan jelema nu sarua waktu harita, di antarana: raja, patih, jeung sababaraha perjurit nu leuwih loba deui, deuk ngadon moro ka leuweung. Basa keur moro, salah saurang perjurit ngadéngé aya sawara nu keur cacarita di burieun

ruyuk, lajuna ditoong. Bréh baé di dinya aya tilu putri. Deregdeg éta perjurit ngonokeun ka raja ngeunaan hal éta. Teu antaparah deui, raja langsung maréntahkeun jang nyerek éta tilu putri sarta dibawa ka istana.

Samulangna ti pasar, si Raun sakumaha biasana ngageroan katilu anakna ku sebutan, “Ya Anén, ya Néngsih, ya Ceremin, ieu ema geus balik.”

Tapi harita mah taya nu mangmukakeun panto. Ngagebeg, neuleu panto geus kabuka, bari nu digeroanana geus teu nyampak. Rasa bingung, sieun, jeung sedih pagaliwota duméh katilu anakna geus euweuh ninggalkeun manéhna sorangan. Manéhna satékah polah néangan anak-anakna, ukur ngandelkeun pangambeuna, tapi weléh teu kapanggih baé. Malah kungsi pegat harepan sagala. Ngeun ku sabab kahéman ka anak-anakna pohara gedéna, manéhna terus néangan, nyieuhkeun kacapéna, najan geus jumarigjeug leumpangna éta.

Pangambeuna terus bé diangseu-angseu, nepi ka kapanggihna ogé éta anakna. Nu kapanggih harita nyaéta Anén nu geus kawin ka hiji patih karajaan. ku sono-sonona ka Anén, manéhna nyampeurkeun laju ngageroan sakumaha biasana, “Ya Anén, ieu ema geus balik ti pasar.”

Tapi, naon anu karandapan harita ku manéhna, teu nyangka sacongo buuk yén Anén teu hayang ngaku ka manéhna.

Malah nitah perjurit ngepung laju mantékan ku batu sababaraha kali nepi ka péngkor sabeulah sukuna. Léos manéhna leumpang deui ninggalkeun Anén, asa digerihan.

Sababaraha poé ti éta, manéhna ngadéngé béja di mana ayana Néngsih, anak kaduana. Bungaheun jasa manéhna ngadéngé éta béja. Gedé harepan yén Néngsih bisa balik sarta ngahiji deui babarengan. Ari Néngsih mah kawin ka hiji bupati. Basa panggih, Néngsih digeroan sakumaha biasana, "Ya Néngsih, ieu ema geus balik ti pasar."

Kitu deui Néngsih, sarua teu hayang ngaku ka nu jadi indung. Lain karunya neuleu indung leumpang ingked-ingkedan, kalah nitah anak buahna jang ngepung sarta mantékan deui ku batu. Atuh sukuna nu sabeulah deui péngkor. Lajuna, si Raun teu bisa deui ngaléngkahkeun sukuna nu geus péngkor. Manéhna angger sabar sarta kuat nandangan cocoba ti dua anakna, sanajan awak manéhna ditandonkeun. Tapi, dina gerentesna mah, manéhna ngarasa bungah geus bisa panggih jeung dua anakna nu kuari keur meunang kabagjaan.

Si Raun neruskeun lalampahanana sanajan dua sukuna geus cingked, bari angger ngandelkeun pangambeuna, terus néangan deui. Manéhna néang anak bungsuna nu aran Ceremin. Teu kebel, manéhna bisa mikanyaho di mana cicingna. Horéng Ceremin géh sarua geus kawin. Ari kawinna éta ka hiji raja, ja

meureun si Ceremin mah minangka anak nu panggeulisna ti antara tiluan éta. Teu diengkékeun deui, si Raun hayang geura gok jeung Ceremin samémèh manéhna paéh. Dirina ngarasa yakin yén Ceremin pasti daék narima sarta ngaku indung ka manéhna. Gok béh si Raun panggih jeung Ceremin di istana. Digeroan deui cara sasari, “Ya Ceremin, ieu ema geus balik ti pasar.”

Ngadéngé éta panggero, geugeuraan Ceremin nyampeurkeun. Gabrug ditangkeup ku manéhna. Neuleu kaayaan indungna nu geus teu walakaya sarta kadua sukuna nu geus péngkor, curucud cimata Ceremin maseuhan pipina. Barabat ku si Raun dicaritakeun kitu-kieuna. Ngadéngé kitu, amarah Ceremin teu bisa ditahan-tahan deui. Dua leungeunna ditamprakkeun ka luhur, biwirna kunyam-kunyem, ngaragragkeun supata ka Anén jeung Néngsih supaya naon rupa nu karandapan ku indungna téa kaalaman ogé ku lanceuk-lanceukna.

Lajuna, Ceremin ngijinan si Raun supaya netep di istana bareng jeung manéhna. Ngeun ku sabab kaayaan si Raun geus teu bisa diharepkeun deui, teu kebel, manéhna paéh ninggalkeun Ceremin. Rusiah nu sakebel ieu disidem ku si Raun nepi ka paéhna éta teu dicaritakeun yén Ceremin éta anak hiji raja nu kuari jadi salakina.

Bukti kalawan nyata kana naon nu kungsi diucapkeun ku Ceremin. Anén jeung Néngsih geus nepi kana titis tulisna.

Maranéhna ditalak ku salakina sabab dianggap geus taya gunana deui jeung nganggap yén maranéhna éta ngeun saukur anak embé. Maranéhna dibalangkeun ka jalan, laju jaradi tukang baramaén.

Sanggeus taun-taun jadi tukang baramaén, maranéhna panggih jeung Ceremin. Barabat ku Ceremin dicaritakeun. Tandes diomongkeun yén paéhna si Raun éta balukar kalakuan lanceuk-lanceukna nu geus nganiaya. Maranéhna geus telenges méngkoran suku indungna nu geus taun-taun ngurusan. Sanajan kasebutna embé, tapi kahadéanana moal bisa dibales ku naon rupa ogé.

Kaduhung sagedé gunung, maranéhna ceurik ngageunggeuik, ménta dihampura kana naon rupa nu geus dilakukeun ka indungna. Anén jeung Néngsih laju nanyakeun di mana kuburanana. Taya lian, maranéhna hayang ménta hampura ka nu jadi indung. Tapi sagalana kuari mah geus telat, ja geus taya dikieuna. Ngeun bati kaduhung baé maranéhna. Lajuna Anén jeung Néngsih dibawa ku Ceremin ka istana, purah jadi tukang babantu di dinya. (*)

KÉJO KETAN JEUNG KAMPUNG NU DIKURILING BATU

IDA RAHAYU

Baheula, basa Banten dijajah ku Walanda, aya hiji anak kiai nu pohara geulisna di salah sahiji kampung di daérah Waringinkurung. Kageulisanana geus jadi sabiwir hiji di lingkungan barudak ngora. Samalah teu ngeun ukur di kalangan barudak ngora di sabudeureunana doang, tapi ogé lalaki Walanda katarik ati kapentang asmara ka manéhna. Kasebut anak kiai téa aranna Nyimas Ijo, sedengkeun aran lalaki Walanda éta Tuan Méyer. Teu gampang kitu baé hayang meunangkeun cintana étah. Sabab awéwé nu geulis téa kaasup anak ti hiji tokoh kiai nu dipiajrih, nyaéta Kiai Wakhia. Anakna nu dibéré aran Nyimas Ijo téa sabenerna mah nuduhkeun kana kabiasaanana nu resep makéan papakéan nu sarwa héjo. Ti mimiti tiung, kabaya, nepi ka samping, sakabéhna warna héjo.

Wewengkon Waringinkurung nu kaasup bagian wilayah Kabupatén Sérang harita, kaasup ogé kana wewengkon Karésidénan atawa Provinsi Banten nu teu leupas tina panalingaan Walanda. Karémpan Walanda pohara gedéna. Babaruntakan jeung perang bisa iraha baé kajadian, sabab di Banten mah pangperangan ngalawan Walanda éta sering kajadian.

Kasawenang-wenangan pihak Walanda nu dibantuan ku bangsa pribumi jang narik pajeg teu neuleu sasaha. Unggal wewengkon diutus hiji kaptén nu tugasna ngaroris di wewengkon Waringinkurung. Kabeneran nu diutusna éta Tuan Méyer. Ari tugasna nyaéta nengetan kaayaan warga sabudeureun wewengkon Waringinkurung sarta ngalaporkeun hasilna ka Karésidénan Banten nu mangrupa puseur Pamaréntahan Walanda.

***

Pasosoré, layung nyumorot ngahibaran langit. Cahayana nu kaemasan témbrés nyulusup kana dangdaunan. Tuan Méyer nu kabeneran keur tumpak kuda, nalika ngaroris kahirupan warga, pohara kagéteunana sarta ngarasa ta'jub waktu ngaliwat ka hareupeun salah sahiji imah warga di Kampung Gudangbatu. Reg, manéhna eureun bari matana mah tetep museur kana naon nu keur dideuleuna. Gegerentes dina haténa ngeunaan awéwé nu keur sasapu di buruan imahna.

"Nya saha sabenerna awéwé nu boga pakulitan héjo carulang, halisna ngajelér paéh, sarta awakna nu lenjang dibeulit kaén kabaya pulas héjo nu keur sasapu buruan étah?" gerentesna.

Pananyana terus nganteng, banget hayang ngadeukeutan sarta nalikeun elés kudana. Tapi niatna teu laju, ja wanci geus ngagayuh ka sareupna. Sakebel lalampahan balik, beungeut awéwé nu keur sasapu di buruan téa hésé dipangpalérkeun.

Pikiranana geus ka mana karep, gedé harepan hayang ngapimilik sarta ngajadikeun pamajikan. Komo Tuan Méyer mah salah saurang kaptén nu kasohor sok gunta-ganti pasangan.

Samémèh balik ka Karésidénan Banten, Tuan Méyer nyempetkeun mampir ka imah Panghulu Waringinkurung. Ari Panghulu Waringinkurung nu didatanganana pohara ngarasa bungahna sarta ngarasa diaku. Ceuk pikirna, pasti bakal nawarkeun pagawéan anyar. Ku kituna, datangna Tuan Méyer dibagéakeun jasa ku Panghulu Waringinkurung.

“Bungah amat ieu haté, Tuan bisa mampir ka imah kami,” omong Panghulu bari rerengkuhan.

“Panghulu Waringinkurung, teu loba nu ku kula deuk dicacahkeun,” ceuk Tuan Méyer muka omongan.

“Loba géh teu nanaeun, Tuan. Nu puguh mah bungah bé bisa cacahan jeung Tuan mah,” ngomongna bari tetep rerengkuhan sarta ramo leungeunna nuduhkeun kana korsi tamu, “Mangga, Tuan, calik heula! Kin kami deuk nyiapkeun heula citéh haneut.”

“Teu ngantik, Panghulu, ja kula mah moal kebel-kebel. Maksud datangna ka dieu, boga kahayang nu teu bisa diengkékeun sarta hayang gancang ngapimilik,” ngomongna togmol.

“Naeun kitu kahayangna nepi ka Tuan hayang ngapimilik sagala?”

Jung, Tuan Méyer nangtung bari nepak kana punduk Panghulu Waringinkurung.

“*Mooi, jij* mémang sobat nu bageur. Kieu, Panghulu, lamun *jij* bisa nulungan kula, engké *jij* deuk diusulkeun naék pangkat. *Én* gajih nu lumayan gedé ogé.”

“Pancén naeun baé nu ditugaskeun ku Tuan, ku kami deuk dilaksanakeun kalawan hadé,” omong panghulu ngayakinkeun.

“*Goed*! Éta karak anak buah kasebutna. Kieu, Panghulu,” omongna deui bari muntir-muntirkeun kumisna nu baplang, “waktu keur leuleumpangan ka Gudangbatu, kula neuleu awéwé geulis nu keur sasapu di buruan imahna. Éta awéwé papakéanana sarwa héjo. Kula teu nyaho éta anak saha-sahana. Nu puguh mah ieu kula aya haté ka manéhna. Kira-kirana Panghulu bisa teu panglamarkeun jang dijadikeun permaisuri?” tanya Tuan Méyer gedé haté.

Panghulu Waringinkurung ngarandeg sakeudeung. Nginget-nginget bari nyipta-nyipta éta awéwé nu dimaksud ku Tuan Méyer.

“Nya, nya, nya, kami nyaho ka awéwé nu dimaksud ku Tuan. Manéhna éta Nyimas Ijo, anak Kiai Wakhia, salah saurang tokoh nu kasohor di Gudangbatu,” omongna. “Ari jang Tuan mah,

jagisuk géh deuk diusahakeun manglamarkeun Nyimas Ijo," omongna deui ngajangjikeun.

"*Goed*, *jij* mémang anak buah kula nu pangbageurna. Pagéto, sanggeus *jij* nepungan Kiai Wakhia, hasil lamaranana gancang laporkeun deui, *oké*?"

"Siap, Tuan Méyer!"

***

"Sanarieun tampil Panghulu Waringinkurung isuk-isuk geus datang ka imah kami," ceuk Nyimas Ijo di lawang panto bari ngahaturanan diuk.

"Nya, kabeneran baé aya hal penting nu hayang ditepikeun ka bapa Nyai. Pa Kiaina aya kitu?" tanya Panghulu.

"Aya, ngeun masih solat duha kénéh. Tungguan baé heulan!" témbal Nyimas Ijo. Léos baé ninggalkeun tamu, deuk mangnyieunkeun cai entéh haneut.

Pantesan baé Tuan Méyer bogoheun ka Nyimas Ijo. Kula géh can nyorang neuleu awéwé geulis kadoang kieu mah. Matana nu cureuleuk, halisna nu ngajelér paéh, sarta pakulitan nu héjo carulang. Sakebel kula ngajabat sabagé Panghulu Waringinkurung géh can nyorang manggihan awéwé geulis mah. Boro Tuan Walanda, kula sorangan géh atuh resep, gerentes Panghulu. Lamunanana kagareuwahkeun ku norojolna Nyimas Ijo bari mawa cai entéh.

“Panghulu! Panghulu! Panghulu Waringinkurung!” Nyimas Ijo gegero.

“Euh ..., enya aya naeun?” Panghulu ngoréjat.

“Ti tadi Panghulu doangna keur ngalamun.”

“Eu ..., hen ..., henteu,” ngomongna ngadarégdég.

“Geura, Panghulu, diemuh heula cai entéh haneutna!” ngomongna bari song neundeun gelas tina nampan kana méja.

“Enya, hatur nuhun!”

Teu kebel ti sanggeusna Nyimas Ijo ngaléos, ngurunyung Kiai Wakhia ti jero kamarna. Gék diuk gigireun Panghulu.

“Aya maksud naeun Panghulu Waringinkurung isuk kénéh geus mampir ka imah kami?” tanya Kiai.

“Kieu, Kiai, maksud kami ka dieu étah aya hal nu pohara pentingna nu kudu ditepikeun ka Kiai,” ngomongna bari rengkuh, “kami deuk nepikeun talatah ti Tuan Walanda nu kagémbang ka putri Kiai, nyaéta Nyimas Ijo. Malahan mah hayang langsung mileuleuheungkeun jadi permaisuri,” bari luk tungkul.

Ngadéngé éta omongan, Kiai Wakhia ngarandeg sakeudeung. Sabisa-bisa amarahna dipeper. Kakeuheul jeung kahéwa minuhan dadana. Ku hal éta mungguhna mah asa ditincak. Bangsa panjajah boga niat ngawin anakna. Teu gampang kitu baé manéhna deuk mikeun anakna jang dijadikeun permaisuri Tuan Méyer.

Jung nangtung Kiai Wakhia, “Maksud Panghulu geus kapaham. Béjakeun ka Tuan Méyer si Walanda téa! Teu gampang kitu baé bisa ngawin anak aing! Lamun bisa, adu hareupan heula jeung aing! Geura, kuari kéněh indit ti dieu!” Kiai Wakhia nyentak.

Neuleu jeung ngadéngé amarah Kiai Wakhia, si Panghulu lajuna leumpang ninggalkeun imah Kiai. Ti saméméhna géh geus kapikir ku manéhna bakal pikitueun, horéng teu nyalahan sangkaanana. Tapi aya untungna kéněh, manéhna ngeun diusir doang, teu nepi ka dikaniaya. Marahna Kiai Wakhia tangtu aya alesanana. Nu ngalantarankeun héwana mah balukar ayana pajeg nu dilakukeun sacara paksa ka warga Gudangbatu, nu sakebel ieu dikokojoan ku si Panghulu. Lain ngeun Kiai Wakhia doang nu ngarasa héwaeun étah, tapi sakabéh warga Gudangbatu géh sarua pohara keuheul jeung héwaeun kana kalakuan si Panghulu.

***

Isukna, Panghulu Waringinkurung ngalaporkeun hasil lamaranana ka Karésidénan Banten. Pohara kagéteunana Tuan Méyer neuleu si Panghulu barengep beungeutna.

“Kurang ajar! Saha étah nu ngalakukeun tindakan kadoang kitu?” tanya Tuan Méyer.

“Anak buahna Kiai Wakhia, Tuan. Kami digarebugan ku maranéhna samulangna nepikeun lamaran dina waktu peutingna.”

"*Verdom zeg*. Ngalunjak amat nyah! Kudu dibales ieu mah! Wanian amat nolak lamaran *ik*. Geus bosen hirup sugan mah!" Tuan Méyer tipepereket leungeunna.

"Bener, Tuan. Kami mah geus usaha satékah polah!"

"*Dom*! *Jij* ulah loba ngomong, goréng gawé étah. Teu suka aing mah. *Én* Kiai Wakhia kudu dipeupeuh. Jagisuk, urang tangkep éta kiai bangsat jeung sakabéh para santrina! Ulah diantepkeun, tuman! Geus ngalunjak ieu mah!" ngomongna mingkin teugeug, "Nangtung dia, Panghulu! Los balik! Geus wancina maranéhna narima wawales ti aing," paréntah Tuan Méyer.

***

Dina peuting éta kéném di Gudangbatu, Kiai Wakhia ngumpulkeun para santri jeung warga Gudangbatu. Maranéhna nyusun siasat, nataharkeun perang ngalawan Walanda.

"Para santri jeung warga Gudangbatu anu mudah-mudahan aya dina kabagjaan. Nurutkeun laporan nu katarima, cenah jagisuk Walanda deuk ngarurug kampung urang. Ku kituna, kudu tatahar, nandonkeun jiwa jeung raga, terebang gedé geus mimiti ditabeuh! Urang kudu sakuat tanaga mertahankeun ieu kampung! Maranéh siap perang?" tanya Kiai Wakhia, sawarana harus.

"Siaaap!" ceuk para santri ogé masarakat.

"Allohuakbar!" Kiai Wakhia mingpin takbir.

“Allohuakbar!” ditémbalan ku kabéhan.

Peuting éta kénéh, Kiai Wakhia ngabagi-bagikeun kéjo ketan ka sakabéh nu hadir di dinya, sakeupeul séwang. Lain kéjo samanéa, tapi kéjo ketan nu geus dibacaan ku doa-doa, mantra jeung jampé-jampé. Lian ti kéjo ketan, aya ogé santri jeung warga nu dibéré pakarang jangeun perang poé isukna. Sanggeus kitu, masing-masing baralik ka imahna. Saparo aya nu ngaronda, ngaroris kaayaan, inggis Walanda datang sakonyong-konyong.

Salah saurang warga nu ngaronda peuting éta, ngarasakeun aya hal nu anéh dina dirina.

“Ngarasa anéh teu, Mad? Sanggeus ngadahar kéjo ketan paméré kiai téa, ieu awak karasa panas. Asa leungit kasieun étah nya, laju hayang sabek-bekeun baé maéhan si Walanda jeung anték-antékna,” omong Ma’un ka Mad Rofe’i, sobatna.

“Akur. Aing géh sarua ngarasakeun. Padahal aing mah jelema loba kasieun. Tapi peuting ieu karasa aya nu béda nya, Un,” témbal Mad Rofe’i.

Éta kajadian anéh, dirasakeun ogé ku sakabéh warga jeung santri nu pada-pada ngadahar kéjo ketan téa.

***

Terebang gedé geus ditabeuh. Sakabéh santri jeung warga Gudangbatu minuhan jalan kalawan pakarang lengkep. Kaasup kéjo ketan nu peuting geus dibagikeun ku kiai. Ari barudak leutik

jeung nu awéwé mah sina netep di Gudangbatu. Kiai Wakhia geus saged di hareup, maké papakéan nu sarwa putih. Bring, sakabéhna kaluar ti Kampung Gudangbatu nuju ka perbatasan. Nurutkeun laporan nu katarima, maranéhna nyaho yén pasukan Walanda geus ngaliwatan daérah Kramatwatu. Masing-masing pasukan geus samagréng pakarang perang.

Pasukan Kiai Wakhia nyamuni dina ruyuk nganti-nganti datangna pasukan Walanda. Matapoé terus naék, nyumorotkeun cahayana nu semu beureum. Bareng jeung leumpangna pasukan Walanda ka perbatasan Gudangbatu. Pasukan Walanda nu samagréng pakarang perang mingkin ngadeukeutan. Gok, dua pasukan papahareup. Der, perang campuh sapada harita.

“Serbuuu ..., Allohuakbar!” aweuhan takbir jeung gorowokna pasukan éar kadéngéna.

Peperangan nu pohara ketirna. Jelegur! Sawara mariem jejeleguran. Trong-trangna sawara pedang diadu jeung golok, subat-sabet ka sing saha baé nu jadi musuhna. Kitu deui sawara nu kaluar tina bedil pasukan Walanda, ngadérédéd. Perang nu teu saimbang tangtuna géh. Para santri jeung warga Gudangbatu lajuna ngabagi-bagi kelompok. Aya nu sakelompok jeung kiai, aya nu jeung para santri, ogé aya nu jeung warga Gudangbatu.

Bambu runcing, golok, jeung pedang éléh gancang ku pélor jeung mariem nu dibekaskeun ngabelesat nembus kana awak

para santri jeung warga. Sanajan kitu, pasukan Kiai Wakhia teu leutik haté, maranéhna terus bajoang sakuat tanaga.

Pasukan Walanda geus mimiti nyéréd, sedengkeun pasukan kiai mingkin kadéséh. Kiai Wakhia maréntah pasukan supaya ngalungkeun keupeulan kéjo ketan téa ka pasukan Walanda. Belewer! Belewer! Kéjo ketan dibalang-balangkeun. Jelegur!

Nu nyieun héran, sakeupeul kéjo ketan éta kakuatanana sarua jeung jelegurna hiji mariem bogana pasukan Walanda. Lajuna perang jadi saimbang ti kelompok Kiai Wakhia. Ngeun hanjakalna, paréntah kiai teu kadéngé ku kelompok pasukan séjénna. Maranéhna boga sangkaan yén nu ngajelegur éta kaluar tina mariem bogana Walanda. Ahirna mah najan geus sakuat tanaga bajoang gé, mimiti kadéséh deui. Walanda terus ngangsreg asup ka tapel wates. Pasukan nu kabagi jadi sababaraha kelompok téa lalaunan mundur, asup ka jero leuweung.

Pasukan Kiai Wakhia terus diudag. Sakebel diudag, tina ruyuk-ruyuk nu dipaké liliwatanana nuju ka Kampung Gudangbatu, loba kejo ketan bacacar. Samalah aya ogé nu masih mangrupa keupeulan kéjo. Nu anéhna deui, kéjo ketan nu bacacar téa nu murag di dinya teu nepi ka ngajelegur, nurut sakumaha nu diparéntahkeun Kiai Wakhia. Keupeulan kéjo nu bacacar robah wujud jadi guruntulan batu, terus ngagedéan nepi ka nutupan jalan

nu deuk diliwatan ku pasukan Walanda. Ari réméh-réméhna mah robah jadi karikil nu minuhan jalan nepi ka pasukan Walanda héséeun nembus jalan nuju ka Kampung Gudangbatu.

Saking lobana karikil nu bacacar sapanjang liliwatanana, loba pasukan Walanda nu tiseureuleu. Balukar tina peperangan, teu saeutik pasukan Kiai Wakhia nu ninggal, aya nu dicerek sagala minangka boyongan perang, loba ogé nu salamet ninggalkeun Kampung Gudangbatu. Kitu deui Nyimas Ijo, sarua ilu nyalametkeun diri, indit ka Ujung Kulon seja nepungan Ki Pelén. Cenah Ki Pelén éta boga pasukan maung nu pohara lobana. Niat Nyimas Ijo taya lian deuk ménta tulung ka manéhna.

Tah kitu carita ngeunaan asal muasal Kampung Gudangbatu nu kuari jadi aran salah sahiji kampung di Kacamatan Waringinkurung, Kabupatén Sérang, Provinsi Banten. (*)

BATU QUR'AN DINA GENGGEMAN SULTAN HAJI

ADÉ UBAIDIL

Ti beulah barat angin muntir. Kencengna alahbatan mahluk nu pangkencengna di dunya, moal aya bandinganana. Séot, nyirorot ka handap nunutur hiji jalma. Bus, mubus ka jero bumi. Nya saha éta jalmana?

Enya, éta Séh Maulana Mansyurudin nu katelah Sultan Haji, putra Sultan Agung Abdul Fatah Tirtayasa – raja ka-6 di Kasultanan Banten (taun 1561 M). Sultan Haji meunang paréntah ti Sang Maharaja, rajana raja sajagat, titah nyiar élmu sarta husu ibadah di nagri tempat gumelarna Baginda Rosulullоh saw. Basa manéhna keur saré, ngelemeng dina impianana aya hiji jalma nu janggotna putih, disorban kalawan maké jubah nu nutupan awakna keur ngaji baé dina luhureun batu. Ku Sultan Haji dideukeutan. Karak géh sababaraha léngkah, éta jalma nu keur diuk dina batu téa ngiles. Bréh deui némbongan dina batu gedé lianna. Ku Sultan disampeurkeun deui, bari uluk salam, tapi can kaparengkeun baé nempo beungeutna kalawan jelas.

Sawara cai nu nyurug mantak ngeunah dédéngéan, mantak kelar baé. Ngeun hanjakal, Sultan teu pati maliré kana kaéndahan alam harita. Manéhna leuwih panasaran kana jirim nu keur ngaji téa, nu halimpu sawarana. Teu kebel, berebet jirim lumpat. Les,

ngiles di antara babatangan nu garedé. Koréjat Sultan hudang, laju istigfar. Éta impian ku manéhna satékah polah dilelebah maksudna.

Dina peuting saterusna, teu daék reup baé. Manéhna itikaf di Masjidil Haram leuwih kebel ti biasana. Impianana téa terus baé dilenyepan. Dina kaayaan keur lalewang, paréntah datang ti raja nu harita ngawasa dina mangsa penjajahan Walanda abad ka-15 di tanah Banten, nyaéta bapana sorangan. Ari eusi paréntahna, ménta ka Sultan Haji nu geus taun-taun cicing di Mekah supaya mulang ka nusantara.

“Geus wancina babakti ka rahayat Banten Kidul.” Kitu kira-kira paréntahna.

Sultan Haji narima kalawan pinuh kaihlasan. Sanggeusna meunang paréntah, manéhna sujud sukur ka Pangéran. Beurang-peuting dikir taya kendatna.

“Ieu kitu maksud impian téa, Gusti?” manéhna tumanya, bari terus ngadawamkeun doa, “Ya Gofur, Ya Wadud, tuduhkeun ieu diri kana jalan nu panghadé-hadéna. Mun téa mah ieu paréntah Gusti, kaula moal ngaengkékeun deui, najan ku élmu nu masih kawatesanan. Ngeun ka Anjeun kaula muntang, Nu Maha Ngapimilik sagala élmu di ieu jagat.”

Bapana geus papadon. Gesat-gesut manéhna bebenah, ti Mekah nuju ka lemah cai. Bismillah, kalawan ihlas deuk babagi

élmu ka sasama. Kapan éta lin nu diperedih ti jalma nu keur nyiar élmu mah? Nepikeun élmu ka maranéhna nu can boga kanyaho, ja kitu pan hakékatna upama élmu hayang terus langgeng jeung mekar mah. Jang anak-incu ogé di mangsa ka hareupna.

Mungguh kawasa Alloh swt., brus Séh Mansur teuleum kana sumber cai zamzam di Mekah. Dina alam kakiwarian, kajadian kadoang kitu, aya jalma bisa leumpang suku di jero bumi bari jeung teu maké alat nanaon, bakal karasa pamohalan jeung hésé deuk mercayana. Séh Mansur terus lumpat bari ngadawamkeun asma Alloh, meulah cai nu gugulidagan, cai nu pinuh ku karomah tur dianggap sakral. Sagala nu jadi hahalang, ku manéhna bisa diungkulan.

Sakali-kali ngareureuh keur nyumponan kawajiban, ngalakonan ibadah nu tujuh belas rokaat katut solat sunatna. Upama kaparengan manggih jalma nu keur kamusibahan, ku manéhna laju ditulungan. Alloh maparin berkah ka Séh Mansur: Unggal tanah jeung pilemburan nu dijadikeun tempat pangreureuhanana téa, sok jadi subur jeung ma'mur; nu asal tanahna garing, dak dumadak Alloh nurunkeun hujan; kitu deui nu kalaparan, nu seuseut hirupna, ku Alloh dipaparin tutuwuhan, lauk, jeung satoa-satoa nu bisa dimangpaatkeun ku warga sabudeureunana. Ngadéngé kitu, Séh Mansur sumujud, sukuran ka Gusti Alloh.

Lian ti kitu, Séh Mansur teu weléh nepikeun élmuna nu sakebel ieu geus dicangking ka warga nu dianjrekanana. Ngajarkeun cara nulis jeung maca Alqur'an, ngaji, cara wudu, solat, teu kaliwat ogé nepikeun élmu ngeunaan jual-beuli nurutkeun padoman hukum Islam. Malah manéhna nepi ka netep sawatara poé di salah sahiji imah warga. Manéhna ngajarkeun kaélmuanana kalawan haté nu beresih, sabar jeung ihlas. Sakira élmu nu diajarkeunana geus katepikeun laju bener dina prakna, manéhna neruskeun deui lalampahanana.

"Salam hormat, ya Sultan! Muga Gusti Alloh maparin kaberkahan!"

"Rahayu di dunya jeung di ahérat, ya Séh."

"Hatur nuhun, Kangjeng Séh Mansur."

Jeung rupa-rupa deui ucapan pangwilujeng nu dihaturkeun ka Séh Mansur. Tapi, manéhna teu asa aing. Éstu handap asor ka sasama, sumerah ka Gusti, bari pok nyarita, "Ngeun ka Alloh urang muji sukur, Dzat nu miboga élmu di ieu jagat."

Kabéh unggeuk ngahaminan. Maranéhna narima élmu kaagamaan nu ditepikeun ku Séh Mansur. Tapi sok sanajan kitu, ti sanggeusna narima élmu, aya ogé nu mungkir, ngahianat jeung moho ka Nu Nyiptakeunana mun pareng dina kaayaan keur bungah. Séh Mansur teu weléh ngadoakeun jang kahadéan maranéhna pang jadi manusa nu mawa mangpaat ka kabéhan.

Séh Mansur atawa Sultan Haji neruskeun deui lalampahanana. Mubus deui. Leumpang di jero bumi bari mawa jutaan kibik cai zamzam ti Tanah Mekah. Reg, manéhna eureun di tanah Banten kalawan ijin jeung karomah Alloh.

Nu karasa harita ku warga, langit ngadadak aleum, cahaya matapoé katutup méga, angin ngahiuk nebak kana tatangkalan, bumi oyag, ti jero taneuh aya nu ngaguruh. Masarakat birat lalumpatan, sawaneun. Sawaréh ngarasa panasaran, ngarintip tina sela-sela bilik, tina babatangan, atawa tina sésa bangunan nu kaséréd. Taya lian kikituan éta, duméh jang ngajaga diri tina serangan kolonial Walanda.

Sultan Haji mucunghul kitu baé di salah sahiji sumber cai. Ngaguruh sawarana. Saharita cai ngabubulak kaluar tina liang tempat bijilna Sultan Haji. Warga pohara sawaneunana, neuleu cai nu ngabubulak. Nu kabayang ku maranéhna, éta cai lir ibarat tsunami nu bakal neuleumkeun sakabéhna. Paradaban bakal leungit, imah, tempat ibadah, gedong-gedong, rumah sakit, warung, tempat wisata, jeung sagala rupa nu aya di dinya. Malah, panjajah Walanda géh nu keur jaga di sabudeureun pilemburan lumpat sakalumpat-lampét néang bantuan. Laju ngalaporkeun éta kajadian ka pingpinanana.

Sultan Haji satékah polah nyanghareupan éta kaayaan kalawan sabar. Teu kebel manéhna ngadoa, neda pitulung ka

Pangéran. Ku kakawasaan Alloh, manéhna dibéré pituduh jang nyocokan liang cai – nu saterusna éta tempat katelah Kampung Cibulakan (cai nu ngabubulak) – ku Alqur'an nu dibawana ti Mekah.

"Allohu akbar!"

"Allohu akbar!"

Masarakat di Cibulakan réang ngucapkeun takbir. Weléh héraneun kana naon nu kasaksian. Cai nu ampir ngeueum imah warga, saharita nyirorot, lir aya alat canggih nu aya di jero taneuh, nyedot nepi ka saat. Hiji kaanéhan nu teu kabéh dipiboga ku manusa. Ngeun manusa pinilih kadoang Sultan Haji baé nu dibéré kamampuan ku Alloh azza wa jala.

Nu halaliwu geus mimiti jempling. Masarakat bungaheun laju mihormat kana datangna Sultan Haji. Maranéhna paheula-heula uluk salam sarta nyiuman dampal leungeunna.

Kaanéhan teu cacap kitu baé. Alqur'an nu dijadikeun panyocok liang cai téa dak dumadak robah jadi guruntulan batu, neuasan. Nyeplés kadoang batu nu aya dina impian Sultan Haji waktu di Mekah téa.

***

Saperkara kaungkulan. Najan sabenerna mah Sultan Haji masih tumanya hubungan antara impianana jeung éta kajadian. Sultan Haji geugeuraan nepungan bapana. Barang jol di

hareupeun gapura, ku pangawal dianteurkeun ka rohangan bapana, laju ngucapkeun salam.

“Kumaha cageur, Séh Mansur, anaking?” bari ngahiap laju nangkeup.

“Alhamdulillah, Ayah,” témbalna, “Hey, Ayah, raja urang kabéhan! Apal teu naeun nu cikéném karandapan ku kami?” tanyana.

Rohangan ngadadak jempling. Ja puguh ngeun aya anak jeung bapa. Ari pangawal mah nungguan di luar.

“Ngeunaan impian téa?”

“Masya alloh! Ti mana Ayah apal?”

Manéhna héraneun jasa. Katempo tina paromanana bangun nu bungah jeung ta’jub ka bapana.

“Sukuran ka Alloh! Éta minangka pituduh-Na. Kuari, geus wancina ngabaktikeun keur rahayat Banten, anaking.”

Sultan Haji sideku. Manéhna pohara ngahormatna kana paréntah raja. Harita kéném, Sultan Haji diangkat jadi raja ka-7 di Kasultanan Banten, ngaganti bapana.

***

Kuari, tempat ngabubulakna cai zamzam, nu baheula dicocokan ku Alqur’an nu robah wujud jadi batu téa, ditelah jadi Batu Qur’an. Perenahna di daérah Cibulakan, Cimanuk, Pandéglang, Banten. Éta tempat bangunna sarupa kulah rada gedé

nu jerona ampir saméter. Di tengahna aya batu nu dikaramatkeun, sarta jadi tempat jarah nu kasohor. Nu deukeutna, nu jauhna, loba jararah ka dinya. Aya hiji kapercayaan, cenah sing saha baé nu mampuh ngurilingan batu di jero cai, lobana tujuh kuriling, bari maca surat Al-Ikhlas sarta nahan ambekan, mangka sagala kahayangna bakal kacumponan. (*)

SOLÉNDANG KAÉN BI SARIFAH

IRMA QOYMAH

Kacaritakeun, aya hiji rangda miskin di daérah Cipanas, Kacamatan Mancak, aranna Sarifah. Urang dinya nelah ku sebutan Bi Sarifah. Ari pakasabanana nyaéta buburuh tandur di sawah bogana Bu Samsia, jalma sugih nu jadi sudagar di lemburna.

Bi Sarifah cicing jeung kadua anakna nu aran Titin jeung Mahmud. Ari salakina mah geus ninggal dua tahun kaliwat. Ti saditinggalkeunana ku salaki, Bi Sarifah nu ngurusan dua anakna, sarta nanggung sagala kabutuh rumah tanggana.

Hiji wanci, pabeubeurang, Bi Sarifah keur melak paré. Kurunyung Titin deuk nganteuran dahareun ka indungna.

“Bu, Ibu ...!” Titin gogorowokan ti kajauhan bari lulumpatan.

“Enya, Tin. Ulah lulumpatan géh bising labuh!” carék Bi Sarifah.

“Ibu, ieu dahareun. Ibu mah ngareureuh heula. Ku Titin baé melak paré mah.”

“Ari kitu bisa nyah, manéh?”

“Kari nanceb-nancebkeun ieuh, Bu, gampang.”

“Najan ngeun nanceb-nancebkeun doang géh, pan kudu rapih jeung lempeng, Tin. Ambéh engké jadina bagus, teu asal nanceb.”

“Pokona Titin mah hayang ngabantuan Ibu,” ngomongna bari maksa.

Titin laju baé ngaleupaskeun sendalna. Jrut turun, nyokotan binih paré. Cleb! Cleb! Binih paré ku manéhna dipelak hiji-hiji. Ari leumpangna mundur, pang gampang baé sarta teu nincak deui binih nu geus dipelakna. Ja kitu galibna nu tandur mah.

Teu kebel, jol nu boga sawah mariksa hasil pagawéan nu karuli di manéhna. Kadeuleu paré nu dipelak ku Titin, anggangna dareukeut. Malah aya nu nyangéyéng sagala, teu lalempeng.

“Sarifaaah...!” gorowok Bu Samsia.

Gebeg! Bi Sarifah kagéteun ngadéngé nu gogorowokan, teu jadi ngahuapna. Deregdeg manéhna nyampeurkeun, teu disendal-sendal acan. Titin géh sarua, teu jadi ngahuapna. Berebet nunutur indungna, nyamuni di burieunana.

“Nanaeunan baé gawé? Deuleu, melak paré doang géh teu eucreug. Bisa rugi kieu carana mah aing!” Bu Samsia nyarékanan.

“Hampura, Bu!”

“Teu ngantik hahampuraan! Mimiti jagisuk teu kudu digawé deui!”

Bi Sarifah keukeuh ménta pang teu dieureunan gawé, tapi ku Bu Samsia teu didéngé. Léos leumpang ninggalkeun Bi Sarifah nu keur ngagukguk ceurik. Titin nu ngarasa salah, lalaunan ngadeukeutan indungna.

"Ibuuu ...," sawarana ngadarégdég, "hampura Titin nyah! Ku pédah Titin, Ibu dicarékanan jeung dieureunan gawé," segruk ceurik.

Gabrug, ku indungna ditangkeup, laju diaslim.

"Teuin. Ulah léwéh. Lain rejeki urang mantak kitu géh. Cuan, engké mah ulah deugeul deui, nyah! Kudu daék ngadéngé kana omongan Ibu."

"Enya, Bu. Hampura Titin nya!"

"Hayu géh, urang balik baé kuari mah. Karunya ka adi maném. Tibra pan héésna?"

Titin ngeun saukur unggeuk. Masih teu téga nempo indungna. Maranéhna balik laleumpang suku. Anggangna ti sawah ka imahna lumayan jauh, mun disorang ku leumpang suku mah kira tilu nepi ka opat jam.

Basa datang ka imahna, panto katempo nutup, patromak géh can dihurungkeun.

"Mud, Mahmuuud ...!" Bi Sarifah ngageroan.

"Tadi basa ku Titin ditinggalkeun, Mahmud geus saré, Bu." ngomongna bari nyenyekel baju indungna, ja sieun ku poék.

Bus, Bi Sarifah ka kamar. Kasampak Mahmud masih héés. Gep kana patromak nu deukeut lawang panto. Sanggeus dihurungkeun, Mahmud disampeurkeun.

“Mud, hudang, geus magrib! Pamali héés wanci sareupna,” Bi Sarifah ngaguyah-guyah awakna, tapi Mahmud teu némbal. “Nong, hudang!” nu dihudangkeun ukur ngadéhém, buukna beueus ku késang. Bi Sarifah jadi teu puguh rarasaan. Tep, sirah Mahmud dicabakan. “Ya Alloh, Mahmud, nyebrét kieu maneh, Nong!”

“Mahmud kunaeun, Bu?” Titin nanya bari nyampeurkeun.

“Adi maneh muriang.”

“Titin ngageroan mantri baé nya, Bu?”

“Ulah, Ibu keur teu boga duit!” ngomongna bari ngahurudumkeun simbut ka Mahmud. Léos ka dapur deuk ngéjo. Tapi, béas nu aya dina gentong ngeun ukur sakeupeuleun deui.

“Tin, béas béak tah?”

“Enya, Bu. Pan tadi Titin masak.”

“Ya Alloh Gusti!” Bi Sarifah ngahelas.

Kangaranan indung ka nu jadi anak, hémanna alahbatan. Isin-isin géh maksakeun ngumaha ka tatangga niat deuk ngahutang. Tapi nu dipiharep nyamos, taya nu méré sakali. Saméméhna géh geus loba hutangna étah. Kencling ka imah Bu Samsia, nu aya ngadon dicarékanan. Bi Sarifah balik léngoh.

Sanggeusna datang ka imah, Bi Sarifah mastikeun deui Mahmud. Horéng mingkin nyebrét awakna. Kuari mah karasa nirisan, laju teterusan nyambat indungna. Bi Sarifah papadon ka Titin, nitah pangajagakeun adina, sabab manéhna deuk masak béas nu kari sakeupeul téa.

Karak géh asak kéjona, sada aya nu keketrok ti luar. Bi Sarifah nyampeurkeun, muguhkeun nu ti luar, kadeuleu aya musafir.

“Bu, tulungan ieu kami nu keur lapar!” omong lalaki tengah tuwuh.

“Puguh mah kami géh keur hésé dahareun, Pa.” Bi Sarifah ngajéntrékeun.

“Wayahna baé, Bu. Kami can manggih deui dahar. Geus leuleumpangan jauh mungguhna mah.”

Bi Sarifah pohara bingungeunana. Ngarasa karunya mah enya éta ka musafir, tapi pan manéhna géh butuh jang anakna nu gering.

“Nya burung ari kitu mah, teu nanaeun. Mangga, Bu.”

Basa musafir deuk indit, ku Bi Sarifah digeroan. Song, kéjo nu geus asak téa dibikeun kabéh. Atuh si musafir pohara bungaheunana. Minangka babalesna ka jalma nu hadé budi, éta musafir mikeun soléndang panjang nu eusina sabangsaning sayur.

“Jual baé ieu ka pasar! Kin hasilna bisa jang meuli béas,” omong musafir.

Bi Sarifah mimitina mah nolak, ngeun ku musafir terus baé dipaksa, lajuna ditarima ogé. Barang deuk nganuhunkeun, éta musafir geus ngaleungit.

Kacaritakeun Bi Sarifah geus jualan sayur di pasar. Mingkin loba nu meuli, mingkin nambahan baé sayurna teu béak-béak, tambah saleger jeung baragus deuih. Bi Sarifah meunang kauntungan nu pohara gedéna. Duit paleuleuwihna dibeulikeun kana béas jeung deungeunna. Kitu deui Mahmud, kuari mah bisa dibawa ka mantri.

Isukna, soléndang kaén nu eusina sayuran téa masih nyampak. Terus nambahan baé sayurna sarta teu layu-layu. Bi Sarifah geus meunang kauntungan nu pohara gedéna tina ladang usahana, sarta geus jadi jalma nu ma’mur. Najan kitu, Bi Sarifah masih sok méré mawéh ka sasama, teu eureun sodakoh. Musafir nu kungsi mikeun soléndang téa satékah polah ku manéhna ditéang, tapi can diparengkeun katimu deui.

“Alhamdulillah, ya Alloh! Hatur nuhun kana sarupaning rejeki nu dilungsurkeun ku Salira!” ngucapkeun sukurna bari nangkeup kadua anakna. (*)

LALAMPAHAN SÉH MANSYUR DI BANTEN KIDUL

RISA WULANDARI

Baheula, aya dongéng nu nyaritakeun lalampahan hiji ulama kasohor di Banten, anu aranna nyaéta Sultan Maulana Mansurudin. Masarakat Banten nelahna ku sebutan Séh Mansur. Manéhna minangka anak raja ti Kasultanan Banten nu kagenep, nyaéta Sultan Ageng Tirtayasa.

Hiji waktu, Séh Mansur diangkat jadi raja di Kasultanan Banten nu katujuh.

“Anaking, nu aran raja éta kudu miboga élmu anu luhung. Geura, siaran ka Nagri Mekah! Diajar élmu agama Islam, sarta lakonan ibadah haji. Di Mekah geus aya sobat maném nu aran Pangéran Antasari. Leumpang baé ti dieu mah jeung Pangéran Sumiyalaras. Kira geus cukup élmuna, ulah ka mamana, mulang deui baé ka lemah cai.” Bapana, Sultan Ageng Tirtayasa, méré paréntah.

“Diéstokeun, Ayah. Kami seja indit dibaturan ku adi, Pangéran Sumiyalaras,” témbal Séh Mansur, nurut kana paréntah bapana.

Teu dicaritakeun di jalanna. Di Mekah, Séh Mansur jeung adina soson-soson diajar. Sanggeus bérés ngalap élmuna, Séh Mansur dititah ku guruna supaya ngajarkeun agama Islam di

Banten. Teu diengkékeun deui, manéhna mulang ka Banten. Di satengahing lalampahanana, manéhna mampir ka hiji pulo di Nagri Cina. Ti dinya panggih jeung putri jin di Pulo Majekin. Dua taun netep di dinya, Séh Mansur pohara ngarasa betaheunana.

Hiji wanci, inget kana papatah bapana yén teu meunang mampir ka mana-mana. Séh Mansur ngarasa kaduhungeun, geus ngarempak kana amanat bapana jeung guruna. Gancang manéhna balik deui ka Mekah seja ménta hampura ka guruna sarta ménta ampun ka Alloh. Teu poho ngalakonan ibadah haji. Guruna géh kitu deui, ngahampura bari tetep ménta supaya ngajarkeun agama Islam di Banten.

Isukna, Séh Mansur panggih jeung Pangéran Antasari nu jadi sobatna. Saduana pada-pada deuk balik ka Banten jang nepikeun élmu agama. Ari ku Pangéran Antasari, balikna ditangtang balap lumpat, paheula-heula datang. Nya dihayukeun baé lajuna ku Séh Mansur.

Alloh Nu Maha Kawasa maparin kaajaiban ka nu duaan. Pangéran Antasari nyorang jalan langit, bisa ngapung ngawang-ngawang ngapak méga. Sedengkeun Séh Mansur mah milih jalan darat, bisa mubus ka jero bumi, teuleum ngaliwatan sumur zamzam. Demi datang ka Banten jang ngajarkeun élmu agama, maranéhna lumpat sakuat tanaga, sumanget jasa.

Di satengahing jalan, Pangéran Antasari ngaroko. Dak dumadak langit angkeub. Reg, manéhna eureun teu bisa neruskeun, mungguhna mah sawaneun. Lajuna teu bisa balik ka Banten.

Ari Séh Mansur mah geus cunduk di Banten. Datangna éta ka hiji daérah nu hawana tiis, ngaplak sawah jeung loba tatangkalan garomplok, ayana di antara Gunung Karang jeung Gunung Pulosari. Éta daérah perenahna di Kampung Kupahandap, Désa Cibulakan, Kacamatan Cimanuk, Kabupatén Pandéglang, Banten Kidul. Harita Séh Mansur kaluar tina jero bumi. Ari liang tempat bijilna téa ujug-ujug kaluar cai. Mingkin kebel éta cai mingkin ngabubulak, ampir-ampiran ngeueum kampung. Gagancangan éta liang ku Séh Mansur dicocokan, tapi cai lain nyaatan, kalah mingkin ngagedéan. “Lamun teu gancang dicocokan, meureun ieu pulo bakal kakeueum,” ceuk pikirna.

Cong bé Séh Mansur solat dina luhureun batu gedé, laju munajat ka Alloh. Bérés solat, Qur’an anu keur dicekelan ku Séh Mansur dipaké nyocokan liang. Teu kebel, cai nu ngabubulak téa eureun. Saharita Qur’an robah wujud jadi batu sarta sakurilingna dijieun kulah nu ukuranana rada gedé. Éta tempat ku Séh Mansur diaranan Batu Qur’an.

Kasalahan nu kungsi dijieun ku Séh Mansur moal dilakukeun deui. Manéhna inget terus kana papagah guruna ti

Mekah yén kudu ngajarkeun agama Islam di Banten. Anu pangmimitina diajarkeun ngeunaan kaagamaan nyaéta masarakat Cibulakan. Sanggeus sababaraha taun cicing di dinya, Séh Mansur lumampah deui nguriling ka sababaraha tempat lianna di sabudeureun Banten Kidul.

Nepi ka hiji tempat nu aran Désa Cilumpang. Harita keur pareng halodo panjang. Waktu Séh Mansur datang, ujug-ujug ngaburial cai tina sumberna. Masarakat Cilumpang pohara bungaheunana. Gagancangan maranéhna nyarieun kulah jang nampung éta cai anu deuk dimangpaatkeun kana lahan pasawahan ogé pakebonan.

Di Désa Cilumpang, matuhna Séh Mansur éta di hiji balé. Manéhna sabisa-bisa nepikeun élmu agama ka warga nu aya di dinya. Hiji waktu, basa Séh Mansur keur itikaf di masjid, sawaréh masarakat nu teu hayang narima ajaran Islam, ngabalédogan maké batu. Tapi, Séh Mansur teu marah sakali, malah manéhna terus ngadoa ka Alloh, ménta kakuatan pang digampangkeun dina ngajalankeun pancén nu diamanatkeun ku guruna.

Taun-taun ngumbara, Séh Mansur ngarasa sono ka bapana, Sultan Ageng Tirtayasa. Kebel jasa manéhna teu panggih, laju mutuskeun indit seja nepungan bapana di Tirtayasa, Pontang, Kabupatén Sérang, Banten. Barang jol, ku para pangawal istana

dibagéakeun. Sultan Ageng Tirtayasa pohara bungaheunana nempo Séh Mansur.

“Bagéa, anaking! Muga Alloh salawasna maparin kaberkahan ka anak kami nu keur ngajarkeun agama Islam,” omong Sultan Ageng Tirtayasa.

“Tapi Ayah, loba masarakat nu teu tarima kana datangna kami. Leuwih hadé cicing baé di dieu jeung Ayah.”

“Wayahna, kudu ka ditu deui. Loba nu ngabutuhkeun. Hiji waktu, anaking bakal jadi ulama jumhur. Bawa baé ieu lauk bogo geusan jadi pituduh engké jaga!”

“Mangga, Ayah. Hatur nuhun. Ieu lauk seja ditarima. Kuari mah rada leler ieu haté,” témbal Séh Mansur.

Isukna, Séh Mansur balik deui ka Désa Cilumpang bari mawa lauk bogo paparin Sultan Ageng Tirtayasa. Brus, éta lauk dipelakkeun di sawah. Sababaraha minggu ti éta, laukna mingkin ngalobaan. Masarakat sabudeureun désa diajak babarengan miara lauk nu taya lian jang ngabantu ngaronjatkeun perekonomian kulawarga. Atuh maranéhna barungaheun jasa. Kebel-kebel mah masarakat narima kana ajaran nu ditepikeun ku Séh Mansur. Ongkoh deuih Séh Mansur mah miboga paripolah nu hadé, wibawaan, handap asor, sarta ihlas dina nepikeun ajaranana.

Kira geus cukup, Séh Mansur neruskeun deui lalampahanana. Jol ka hiji pasir nu subur: loba tangkal kalapa,

pasawahan héjo ngémploh, cai cur-cor tina sumberna, manuk réang patémbalan. Éta pasir sering ogé didatangan ku para ulama. Ari aran éta tempat nyaéta Pasir Parakan. Di dinya Séh Mansur tepung jeung para ulama laju cacahan ngeunaan cara nyebarkeun ajaran Islam di Banten.

Anggeus ti Parakan, Séh Mansur neruskeun deui lalampahanana ka kidulkeun nuju ka Pulo Peucang. Ngeun samémèh datang ka dinya, manéhna ngareureuh heula, niiskeun pikir di Kampung Paniisan. Kira geus cukup, gedig deui leumpang, ngaliwatan leuweung di kawasan Mantiung Binoa, Ujung Kulon.

Di tengah leuweung, kasampak hiji tangkal waru nu gedé sarta gomplok daunna. Gék baé manéhna diuk di handapeunana, lep kasaréan. Barang hudang, Séh Mansur pohara kagéteunana neuleu tangkal waru nu rengkuh ka manéhna tandaning ajrih ka ulama nu ihlas tur handap asor. Laju baé ku Séh Mansur dilenyepan sakur kajadian nu kaalaman. Keur kitu, hawar-hawar kadéngé sawara lirih, banget nu kanyenyerian.

“Haum ... haum ... haum ...!” harus jasa.

“Sawara naon nyah? Datangna doang ti tengah laut,” ngomongna bari terus alak-ilik.

“Haum ..., haum ..., haum ..., tulung! Nyeri ..., nyeri ...!” Mingkin jéntré kadéngéna.

“Asa sawara maung éta mah!” gerendengna.

“Tulungan kaula, héy bangsa manusa! Leupaskeun ieu kerang nu ngégél kana suku!” ceuk maung.

“Saha andika? Kami deuk nulungan, tapi aya saratna,” omong Séh Mansur.

“Kaula Ki Buyut Kalama atawa Radén Kempang Langlang Buana. Naeun téa saratna?”

“Lamun andika panggih jeung bangsa manusa, cuan ulah deuk ngaganggu,” paménta Séh Mansur.

“Kaula jangji,” ceuk maung.

Teu antaparah deui, deregdeg éta maung ditulungan. Séh Mansur galungan jeung sakadang kerang nepi ka barabak awakna. Tapi ahirna mah sakadang kerang teu bisa nandingan kakuatan Séh Mansur. Suku maung lésot tina panyapit kerang.

Sakadang maung nu ngarasa bungah geus bébas tina panyapit kerang, laju nganuhunkeun. Lung, éta maung dikalungan ku kongkorong nu aya tulisan Arab “Yasin”, laju ditelah si Péngkor ku Séh Mansur, sabab sukuna péngkor.

Cara biasana nu dilakukeun ku Séh Mansur di Ujung Kulon harita, nepikeun ajaran agama. Kitu jeung kitu baé unggal-unggal nganjrek di daérah nu anyar didatanganana. Sanggeus dirasa cukup, terus deui lumampah ka daérah lianna. Harita mah nuju ka Cikadueun, salah sahiji daérah nu loba pelak kaduna. Ti

dinya teu langsung nepikeun ajaran agama Islam, tapi dimimitian ku ngajarkeun cara ngokolakeun lahan tatanén. Berkah tina hal éta, masarakat sabudeureun Cikadueun narima kana ayana Séh Mansur. Kebel-kebel mah maranéhna nyahoeun yén Séh Mansur éta ti kulawarga Kasultanan Banten. Tapi sok sanajan kitu, Séh Mansur mah teu asa aing. Hirupna angger basajan sarta guyub ngahiji jeung masarakat. Ahirna, masarakat Cikadueun ngagem agama Islam.

Sakabéh pancén nu diamanatkeun ka Séh Mansur geus cacap dilaksanakeun. Reugreug. Masarakat Banten geus nyaho kana agama Islam. Séh Mansur cicing matuh di Désa Cikadueun nepi ka ninggalna di dinya, sarta dikurebkeun di pamakaman umum di Désa Cikadueun. (*)

MILIK NEGARA
TIDAK DIPERDAGANGKAN

Ieu buku mangrupa kumpulan carita rayat pinilih karya pamilon saémbara nulis carita rayat nu diayakeun ku Kantor Bahasa Banten dina taun 2016. Antologi nu dibéré judul Sasakala Kotok Emas jeung Carita Lianna dipiharep jadi bacaeun nu bisa méré pangaweruh jeung informasi nu pohara pentingna ngeunaan lingkungan, kahirupan, jeung budaya masarakat lokal jang barudak. Carita-caritana, ti mimiti Sasakala Kotok Emas nepi ka Lalampahan Séh Mansur di Banten Kidul ngandung pesen moral nu dipiharep bisa méré pamahaman leuwih jero ka barudak ngeunaan budaya Banten.

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa
Kantor Bahasa Provinsi Banten

9 786239 865849